ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№102 (23.510) ● 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 1, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Къэрал дамыгъэ къыхуагъэфащэ

Сабийхэр гъэсэнымрэ унагъуэ хабзэхэр гъэбыдэнымкIэ ябгъэдэлъ фIыщIэм папщIэ Урысей Федерацэм и Президентым 2017 гъэм накъыгъэм и 18-м къыдигъэкIа Указ №215-мкIэ «Адэ-анэм я щIыхь» орденыр кърататщ **Жылокъуэ Хьэбалэ Хъусен и къуэмрэ Жылокъуэ Риммэ Къылышбий и пхъумрэ**.

## Сабийхэм къащхьэщыжынымкIэ дунейпсо махуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Сабийхэм къащхьэщыжынымкIэ дунейпсо махуэмкIэ си гуапэу сынывохъуэхъу!

А гуфIэгъуэ махуэм дигу къегъэкIыж щIэблэм я къэкIуэнумкIэ, абыхэм шынагъуэншагъэ яIэнымкIэ, акъыл, къару, гъэсэныгъэ нэс ябгъэдэлъу къэгъэтэджынымкIэ жэуап зэрытхьыр. Социальнэ политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къэралым къегъэув сабийхэм гулъытэ яхуэщIыныр. Абы и щыхьэт наIуэщ Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. 2018 гъэм щегъэжьауэ къыкIэлъыкIуэ илъэсипщIыр Урысейм и Сабийхэм яхуэгъэпсауэ щытыну иджыблагъэ зэригъэувар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зэкIэлъыкIуэу щолэжь унагъуэм, анэм, сабийхэм я сэбэп зыхэлъхэр дэгъэкIыным. Дэ адэкIи щIэблэм я узыншагъэр гъэбыдэным, ахэр егъэджэным, гъэсэным, творческэ зыужьыныгъэ егъэгъуэтыным хуэунэтIауэ зыхуэфащэ Iэмал псори къызэдгъэпэщыну ди мурадщ.

Ди сабийхэм си гуапэу сохъуэхъу узыншагъэ, мамырыгъэ, насып, фIыгъуэ яIэну.

## Зыгъэпсэхугъуэ зэманым топсэлъыхь

**Урысейм и Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий дыгъуасэ Москва щригъэкIуэкIащ гъэмахуэ лъэхъэнэм сабийхэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэнымрэ абыхэм зегъэгъэпсэхунымрэ щытепсэлъыхьа зэIущIэ. Видеоконференцым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Премьер-министр Мусуков Алий**



**ЗэIущIэр къыщызэIуихым Медведев Д. А. жиIащ сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр къызэрызэрагъэпэщым кIэлъыплъынымкIэ къэралым зэфIигъэкIын хуейхэр зыубзыху унафэ УФ-м и Правительствэм къызэрищтар. «Нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщыныр, сабийхэм тэмэму зегъэгъэпсэхуныр. Лагерым щыщыIэ зэманыр сабийхэм къагъэсэбэп ныбжьэгъущIэхэр зрагъэгъуэтын, IуэхущIэхэм щыгъуазэ защIын папщIэ. Ауэ апхуэдэ зыгъэпсэхугъуэр тэмэму къызэгъэпэщыпхъэщ, сабийхэм я узыншагъэмрэ гъащIэмрэ шынагъуэ къытемыхьэн хуэдэу», - жиIащ Медведевым.**

САБИЙХЭМ я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр къызэрызэрагъэпэщым кIэлъыплъыну къалэн щащIащ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм. Правительствэм и УнафэщIым къызэрилъытэмкIэ, ахэр «кIуэурэ еплъын хуейщ сабийхэм я зыгъэпсэхукIэм, IуэхущIапIэхэм лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIым, законодательствэм къигъэувхэр, мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ хабзэр, санитариемкIэ мардэхэр гъэзэщIа зэрыхъум». Гулъытэ хэха игъуэтын хуейщ сабийхэр зэщIэгъэуIуауэ къызэрырашэкIым.

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и сабийуэ, ныбжьыщIэу 10500-м я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэнущ. Абы трагъэкIуэдэн папщIэ республикэ бюджетым сом мелуани 164-рэ щыхухахащ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## ЖылагъуэкIэлъыплъакIуи 133-рэ хэту

● ЕГЭ

**Ди къэралым и дэнэ щIыпIэми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми мы махуэхэм щокIуэкI Зыуэ щыт экзаменхэр. Дыгъуасэ, накъыгъэм и 31-м, ныбжьыщIэхэм ятащ математикэ (базовэ Iыхьэр) экзаменыр.**

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭ лэжьыгъэр ятхащ школакIуэ 4014-м. Ахэр щекIуэкIащ щIыпIэ 24-м. Хабзэм къызэригъэув мардэм тету, ЕГЭ-р сыхьэти 10-м щIидзащ икIи сыхьэти 3-кIэ екIуэкIащ. Абы хэтащ жылагъуэ кIэлъыплъакIуи 133-рэ. Экзаменым щекIуэкI хабзэр къызэрызэпаудам къыхэкIыу, абы хэтхэм ящыщ зы ныбжьыщIэ къыщIагъэкIащ къэпщытэныгъэм.

ЩхьэусыгъуэхэхакIэ экзаменым кърмыхьэлIэфахэм ар ятыжыну Iэмал яIэнущ мэкъуауэгъуэм и 28-м. МатематикэмкIэ ЕГЭ-м кърикIуахэр наIуэ къэхъунущ мэкъуауэгъуэм и 14-м ирихьэлIэу.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

## Москва щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа Iуэхухэмкэ Правительствэм и комиссэм и деж щыIэ лэжьакIуэ гупым я зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А.

Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министр Кузнецов Л. В., гъэзэщIакIуэ властым я федеральнэ, щIыналъэ органхэм я лIыкIуэхэр кърихьэлIэу Урысейм и Правительствэм и вице-премьер Хлопонин А. Г. дыгъуасэ Москва щригъэкIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа IуэхухэмкIэ Правительствэм и комиссэм и деж гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ щыIэ лэжьакIуэ гупым я зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ къагъэсэбэпа энергием и уасэр зэратым, IэнатIэр зэпIэзэрыту лэжьэнымкIэ зыхуей хэкIыпIэхэр къызэрызэрагъэпэщым.

Къэпсэлъахэм къыхагъэщхьэхукIащ абы и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ тэмэм зэрыщекIуэкIыр, республикэ, щIыналъэ бюджетхэм я хьэкъкIэ лажьэ IэнатIэхэм къагъэсэбэп энергием и уасэр ирикъуу зэрапшыным.

ЗэIущIэм къыщащтащ Кавказ Ищхъэрэм и гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым дяпэкIи зегъэужьыным хуэунэтIа унафэхэр.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

**Лэскэн муниципальнэ районым хыхьэ Уэзрэдж къуажэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхыжыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

«Ветеринарием и IуэхукIэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 3.1-нэ статьям ипкъ иткIэ, Лэскэн муниципальнэ районым хыхьэ Уэзрэдж къуажэм хьэщхьэрыIуэ узыр зэрыщагъэкIуэдам къыхэкIыу:

1. Лэскэн районым хыхьэ Уэзрэдж къуажэм и ищхъэрэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ автомашинэхэм гъэсыныпхъэ щрагъахъуэу щыIэ станцымрэ метри 100 къызэщIиубыдэу абы къыдекIуэкI щIыпIэмрэ мардэ пыухыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхыжын.

2. «Лэскэн муниципальнэ районым хыхьэ Уэзрэдж къуажэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и IуэхукIэ» 2017 гъэм гъатхэпэм и 29-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къищта унафэ №20-РГ-м къару имыIэжу къэлъытэн.

3. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм накъыгъэм и 29-м*
*№48-РГ*

● Дунейпсо зэхуэс



## Адыгэхэм щэнхабзэм щаубыд увыпIэр

**Накъыгъэм и 27 - 29 махуэхэм Москва щекIуэкIащ Евразием хыхьэ лъэпкъхэм я ассамблеем и япэ зэхуэс. Абы ирагъэблэгъащ къэрал 92-м я лIыкIуэ цIыху мини 3-м щIигъу.**

«ЕВРАЗИЕМ хыхьэ лъэпкъхэм я ассамблее» дунейпсо зэщIэхъееныгъэр къызэгъэпэщыным жэрдэмщIакIуэ хуэхъуар «Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблее» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэрщ. А зэхуэсым ипкъ иткIэ, зэIущIэ, «стIол хъурей», семинар, гъэлъэгъуэныгъэ 30-м щIигъу зэхэтащ. Абыхэм къыщыпсэлъащ правительствэм ейуэ щымыт, мыкоммерческэ зэгухьэныгъэхэм, хьэрычэтыщIэ Iуэху зезыхуэ зэщIэхъееныгъэхэм я лIыкIуэу Евразием хыхьэ къэралхэм къикIахэр.

Ассамблеем и япэ зэхуэсым хэтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Абы зэрыжиIамкIэ, Москва щыIа зэIущIэшхуэр фейдэ къегъэщIыным пымыщIа зэгухьэныгъэхэмрэ хьэрычэт Iуэхум пэрытхэмрэ мамырыгъэр егъэфIэкIуэным, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным, зэрызэдэлажьэм зегъэужьыным, ассамблеем и мурадхэр гъащIэм хэпща хъуным теухуауэ я гупсысэкIэ щызэдэгуашэ утыкушхуэт. Ар къызэгъэпэщыным хэлIыфIыхьащ УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ советыр, УФ-м НэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэр, Лъэпкъ IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэр, Россотрудничествэр, Москва и Правительствэр, УФ-м и Жылагъуэ палатэр.

«Евразием щыпсэу лъэпкъхэм я зэпыщIэныгъэм лIакъуэ щэнхабзэр зэрыхэувэр» «стIол хъурейм» Сэхъурокъуэ Хьэутий щытепсэлъыхьащ лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ егъэфIэкIуэным адыгэ лIакъуэ щэнхабзэм щиубыд увыпIэм. Абы къыхигъэщащ унагъуэ, лъэпкъ хабзэхэр жылагъуэм куэд щIауэ къыдекIуэкI Iуэхугъуэу зэрыщытыр, ар къыдэкIуэтей щIэблэм, къэунэху лIакъуэм ихъумэурэ, лIэщIыгъуэкIэрэ цIыхум къызэрыдэгъуэгурыкIуэр, псоми зэдай щэнхабзэр а лъэпкъ хабзэхэмкIэ зэрызэхэлъыр.

- КъызыхэкIа лъэпкъым, къызытехъукIа я адэжьхэм я пащхьэ щахь жэуаплыныгъэр сыт щыгъуи ягъэнэхъапэ адыгэхэм. Дызэрыпагэ «Адыгэ хабзэр» зы цIыхум ехьэлIауэ щыткъым, атIэ унагъуэр, лъэпкъыр, жылагъуэр къызэщIеубыдэ, аращ ижь-ижьыж лъандэрэ яIэщIэмыхуу, пщIэ хуащIу къыщIэгъуэгурыкIуэр. Ди лъэпкъ хабзэхэм ящыщт гъунэгъу лъэпкъхэмрэ дэрэ зэгурыIуэныгъэрэ мамырыгъэрэ ди зэхуаку дэлъыным щIэблэр щIапIыкIыу зэрыщытар. ИкIи адыгэм и дуней тетыкIэр зэфIэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIауэ жыпIэ хъунущ жылагъуэм къыдекIуэкI хабзэхэм - хьэщIэм, къаным, лъыкIэ къагуэмыхьэ благъэхэм кIэлъызэрахьэхэм. Ахэр шэсыпIэ хуэхъурт зэгъунэгъу лъэпкъхэр нэхъ зэрыубыдыным, - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Апхуэдэуи Хьэутий къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрми, Кавказ Ищхъэрэм и адрей хэгъуэгухэми лъэпкъ хабзэхэр къызэрыщыщIэрэщIэжыр, лъэпкъхэм, нэхъыжьхэм я зэгухьэныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщыр, ахэр республикэм исхэр зэшэлIэнымкIэ, жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытыныгъэр хъумэнымкIэ сэбэп зэрыхъур.

- Шэч хэмылъу, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ хъума хъунымкIэ, псэукIэм, лъэпкъым ехьэлIа зэныкъуэкъу къэмыгъэхъунымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ Дунейпсо Адыгэ Хасэми. Ди зэгухьэныгъэр къэрал властми, нэгъуэщI жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми быдэу япыщIауэ мэлажьэ. ЦIыхубэ дипломатием и Iэмалхэр къэдгъэсэбэпурэ, ди къуэш адыгэхэр зэрыс къэралхэми УФ-м хиубыдэ зэкъуэш республикищми, лъэпкъ мамырыгъэр хъума зэрыщыхъуным иужь дит зэпытщ. Ар сэбэп мэхъу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIахэр зэгурыIуэнымкIэ, лъэпкъ хабзэхэмрэ щэнхабзэхэмрэ зэгъэцIыхунымкIэ, яIыгъ диным, зыщыщ лъэпкъым емылъытауэ цIыхухэр ныбжьэгъу зэхуэхъунымкIэ, - дыщIигъуащ Сэхъурокъуэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

**БЕЛАВЕНЦЕВ Олег:**

## «Проектыр нэхъыбэу зи жэрдэмыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийщ»

**Урысейм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ, Урысейм и ЛIыхъужь Белавенцев Олег «Кавказыр нобэ» хъыбарегъащIэ-аналитикэ порталым ирита интервьюм щыщ.**



УРЫСЕЙ Федерацэм и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ, Урысейм и ЛIыхъужь Белавенцев Олег жэуап иритащ «Кавказыр нобэ» хъыбарегъащIэ-аналитикэ порталыр зыщIэупщIахэм. Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я экономикэм и щытыкIэм и гугъу щищIым полномочнэ лIыкIуэм къыхигъэщхьэхукIащ:

«...Шэшэн Республикэмрэ Ингушымрэ я бюджетым и процент 84-р федеральнэ центрым къиутIыпщ ахъшэрщ. Къэрэшей-Шэрджэсым и бюджетым щыщу федеральнэ дотацэхэр процент 68-рэ мэхъу. И Iуэхур тIэкIу нэхъыфIщ Ставрополь крайм, ауэ абыи процент 38-р дотацэу кърат. Дотацэхэр КъБР-м процент 52-рэ, Дагъыстэным процент 68-рэ щохъу. Дотацэхэм къапыкIыным, псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ нэгъуэщIхэм ящыгугъыным, федеральнэ «хущхъуэ» зэхьэлIэныр ухыным дыхущIэкъун хуейщ...

... Китайм щIыгъуу инвестицэ проект ин ягъэхьэзыр доллар мелард 12 зи уасэ «ЭТАНА» промышленнэ комплекс КъБР-м и щIыналъэм щыухуэным хуэгъэзауэ. Правительствэ IэнатIэм Iэ щыщIадзащ документ нэхъыщхьэхэм. Проектым пыщIауэ урысей лъэныкъуэм къыбгъэдэхуэ къалэнхэр игъэзэщIащ. Иджы дэ дыщогугъ КНР-м и унафэщIыр Урысейм бадзэуэгъуэм и пэщIэдзэм щыщыIэнум хиубыдэу адрей документхэм Iэ щIадзыну икIи проектыр гъэзэщIэным зратыну.

Сыт абы кIэухыу къытхуихьынур? А IэнатIэм и закъуэ я нэхъ мащIэ дыдэ хъуамэ, цIыху мин 25-м илъэси 10 - 13-м кърибыдэу лэжьапIэ щагъуэтынущ, бюджетым и IэнатIэ псоми ахъшэу сом мелард 14,8-рэ хуэдиз халъхьэнущ. Мы проектыр егъэлеяуэ лъэщщ, абы къыхэкIыу нэгъуэщI инфраструктурэ, производствэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрагъэпэщын хуей хъунущ. Зи гугъу сщIыр псы къабзэмрэ минеральнэ псымрэ Кавказым иригъэшурэ Китайм егъэшэнырщ. Япэ лъэхъэнэм ящIынущ тарэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщIэзыгъэкI предприятэр, абы иужькIэ псыр ящэу хуежьэнущ.

Транспортым и инфраструктурэми нэрылъагъуу зиужьынущ, сыту жыпIэмэ, хьэлъэхэр щызэблагъэкIынур Тамань и кхъухьтедзапIэрщ. Проектым къыдэлэжьэну IуэхущIапIэ нэхъыщхьэхэр «Совфрахт» зэгухьэныгъэмрэ Урысейм ТранспортымкIэ и министерствэмрэщ. Мы проектым ипкъ иткIэ Китайр псы къабзэу зыхуэныкъуэм и процент 30-р къызэрагъэпэщыну, дэри лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэIутхыфыну, бюджет ахъшэм хэдгъэхъуэну догугъэ.

... Проектыр пхыгъэкIынымкIэ жэрдэмыр нэхъыбэу къызыбгъэдэкIа, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий сэрэ а щIыпIэм дыщыIащ икIи зи IэщIагъэм хуэIэкIуэлъакIуэ лэжьакIуэ гупым проектыр зэрыщыту ди пащхьэ къралъхьащ, дызыщIэупщIахэми жэуапхэр кърататщ. Езы щIыпIэм техническэ къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ. Китайр зыгуэркIэ икIуэтыж хъужыкъуэмэ, сэ быдэу си фIэщ мэхъу - мы проектыр зыфIэгъэщIэгъуэнын инвесторхэр къыкъуэкIынущ. Зэман къэкIуэнум тещIыхьауэ къапщтэмэ, псы къабзэм и куэдагъэм стратегие мыхьэнэ иIэнущ, абы дызэрыт лIэщIыгъуэм куэд дехьэх... Дауэ хъуми, проектыр Iэмал имыIэу ягъэзэщIэнущ».

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

*Интервьюр зэрыщыту тетынущ ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм.*

● «Адыгэ псалъэм» и махуэгъэпс

## Узэрыгушхуэ хъун гъуэгуанэ

**«Адыгэ псалъэ» газетым къыдэкIын зэрыщIидзэрэ нобэ илъэс 93-рэ ирокъу. Тхыдэ пщалъэкIэ убгъэдыхьэмэ, пIалъэшхуэкъым ар, ауэ цIыхум ику иту къигъащIэм ебгъапщэмэ, апхуэдиз зэманым къребгъэубыдэфыну Iуэхухэми еплъытмэ, жыпIэфынущ: «ИкъукIэ фIыгъуэшхуэщ илъэс 93-кIэ лъэпкъым ухуэлэжьэныр».**

IУЭХУ мащIэкъым къитIэсар газетым и илъэс 93-м, лъэпкъ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIами шэч хэлъкъым - адыгэхэр щIэныгъэншагъэм къыхэшын, абыхэм я зэхэщIыкIым хэгъэхъуэн, властым иригъэкIуэкI политикэр зыхуэгъэпсар цIыхубэм ягурыгъэIуэн, щIэблэр фIым, дахагъэм къыхуеджэн, нэгъуэщI куэдми хунэсащ ар а зэманым.

«Адыгэ псалъэм» и япэ номерхэр къыдэзыгъэкIахэр гугъуехь, лъэпощхьэпо куэдым зэрыIууар шэчыншэщ - абы зэрелэжьын Iэмэпсымэхэри яIэтэкъым а зэманым, газет къыдэгъэкIыным зи щIэныгъэкIи IэщIагъэкIи пэлъэщынхэри ди щIыналъэм истэкъым. Ауэ гъащIэм и хабзэщ зи акъылкIэ, зэфIэкIкIэ адрейхэм ятекIуэ, лъэпкъым зиужьыным зи гур нэхъ хупих цIыхухэр бэм къахэкIыу. Ди насыпти, ди лъэпкъми мымащIэу къыхэкIащ апхуэдэ лIыгъэ къызыкъуэкIахэр икIи а IуэхущIэм зрапщытри, 1924 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м дунейм къытехьащ «Къэрэхьэлъкъ» зыфIаща газетым и япэ номерыр. «Адыгэ псалъэ» цIэр газетым 1991 гъэм фIащыным и пэ къихуэу, абы зэреджэр мызэ-мытIэу яхъуэжащ, къэралым, ди республикэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр тегъэщIапIэ ящIурэ: 1931 гъэм абы «Ленин гъуэгу» фIащащ, 1937 гъэм - «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр», 1944 гъэм - «Къэбэрдей пэж», 1957 гъэм «Ленин гъуэгу».

Газетым иригъэкIуэкI лэжьыгъэшхуэр илъэс зэхуэмыдэхэм яунэтIащ абы и редактор нэхъыщхьэу щытахэу Хъуран Батий, Бейтокъу Мыхьэмэтмырзэ, Срыхъу Хьэгуцырэ, Щомахуэ Амырхъан, Тау Борис, Фэнзий Исмел, Къущхьэ БетIал, Дал Iэуес, Ерыжокъуэ Хьэзрэталий, Дол Батырбий, Махуэ Анатолэ, Хьэжу Ахьмэд, Сэхъу Къэрэщей, ЛIыбекъуэ Хьэбас, ТIажь Пётр, Мэзыхьэ Борис сымэ. Иужьрей илъэс тIощIым газетым и редактор нэхъыщхьэщ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ газетыр и къалэн нэхъыщхьэхэм - къэхъукъащIэхэм я пэжыпIэр цIыхубэм я деж псынщIэу нэхьэсыным, лъэпкъым и блэкIар ящымыгъупщэу ипэкIэ кIуэным, щэнхабзэм, гъуазджэм, анэдэлъхубзэм зегъэужьыным бэр къыхуеджэным - ехъулIэн папщIэ.

АнэдэлъхубзэкIэ къыдэкI сыт хуэдэ газетри журналри - ар лъэпкъым и псалъэ жиIэнымкIэ Iэмал къезыт къару лъэщщ. Ар сыт щыгъуэ зэмани къагъэсэбэп ди щIэджыкIакIуэхэми. Ди газетым щIэхщIэхыурэ къытохуэ абыхэм къабгъэдэкI тхыгъэхэр. Апхуэдэу щымытуи хъунукъым. Газетыр и щIэджыкIакIуэхэм япымыщIамэ, абы и лэжьыгъэр псыхэкIуадэу аращ: тхыгъэхэм къапэмыджэжIамэ, ар къыдэзыгъэкIхэр «я щхьэ хуэпсэлъэжу» аракъэ? ДызыщыгуфIыкIынщи, дэ абыкIэ гуныкъуэгъуэ диIэкъым. Зы махуи дэкIыркъым газетым и щIэджыкIакIуэхэм ящыщхэр къэмыпсалъэу, къыщIэмыхьэу, ди напэкIуэцIхэм къытехуэну зыхуей тхыгъэхэм, гу нэхъ зылъытапхъэу къалъытэхэм я гугъу къытхуамыщIу. Арыншамэ, ди лэжьыгъэр купщIэншэ хъунти.

**Псалъэ, псалъэ, си «Адыгэ псалъэ»,**
**Едгъэшажьэ гущIэм и уэрэд.**
**Уэ пIурылъщи ди лъэпкъ мащIэм и бзэр,**
**Уэрэ сэрэ зэжетIэн ди куэдщ.**

**Псалъэ, псалъэ, си «Адыгэ псалъэ»,**
**Адыгэгур лIыгъэм хуэгъэпсыж.**
**«Уадыгэщ» жаIэм дрипагэу,**
**Адыгагъэм и пщIэр къэIэтыж.**

**Псалъэ, псалъэ, си «Адыгэ псалъэ»,**
**Ди адэжьхэм я хъыбар Iуэтэж,**
**Хабзэ дахэу лъэпкъым къигъэщIахэр**
**Ухуэсакъыу щIэблэм IэщIэлъхьэж.**

**Псалъэ, псалъэ, си «Адыгэ псалъэ»,**
**Хэхэс хъуахэм я бзэр къегъэщтэж.**
**Мы дунейм тепхъауэ ди лъэпкъ уардэр**
**Уи уэрэдкIэ зэкъуэгъэувэж.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым ди анэдэлъхубзэкIэ къыщыдэкI газет закъуэм нэхъыжь Iумахуэ Джэдгъэф Хъусен зыкъызэрытхуигъазэ усэм и дэтхэнэ псалъэухами дыкъызыхуриджэр ди къалэн лъапIэу къыдолъытэ «Адыгэ псалъэм» щылажьэхэм. А къалэнхэр гъэзэщIа хъун папщIэ ди зэфIэкI дызэремыблэжыным яужь дитщ. Дэ шэч къытетхьэркъым узэрыгушхуэ хъун гъуэгуанэ купщIафIэ газетым къызэрикIуам, дяпэкIи дыхущIэкъунущ адыгэхэм - Хэкужьым исхэми хамэ къэралхэм щыпсэухэми - я псэукIэр къызэрыщ гъуджэу къалъытэ «Адыгэ псалъэр» цIыхубэр къазэрыщыгугъыу къахущIэкIыным.

«Адыгэ псалъэм» и 23.510-нэ къыдэкIыгъуэр яIэрыхьащ нобэ ди газетеджэхэм. Апхуэдиз къыдэкIыгъуэ бгъэхьэзыру щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ иплъхьэн, ар къэзыщтэ дэтхэнэ зыри дэзыхьэхын тхыгъэхэмкIэ, сурэтхэмкIэ газетыр бгъэнщIыным лэжьыгъэу пылъыр зыщIэр абы щылэжьахэрщ, нобэ а IэнатIэм пэрытхэрщ. ХъыбарегъащIэ IэнатIэм хыхьэ адрей IуэхущIапIэхэм ящыщу газет къыдэгъэкIыныр нэхъ гугъухэм зэрыхабжэри къыхэгъэщыпхъэщ. Апхуэдэу къыщIалъытэри ар пщэдей нэбгъэсыжын хьисэпкIэ зэбгъэтIылъэкI мыхъу лэжьыгъэу зэрыщытым и закъуэкъым. Ар жэуаплыныгъэ нэхъыбэ зыпылъхэм щIыхабжэм щхьэусыгъуэ куэд иIэщ.

Газетыр зи унафэ щIэт къэрал IуэхущIапIэхэм журналистхэм яхуэфащэ гулъытэрэ пщIэрэ къыхуамыщIу пхужыIэнукъым. «Адыгэ псалъэм» иджыпсту щылажьэхэми, нэхъапэIуэкIэ щылэжьа куэдми къыхуагъэфэщащ къэрал наградэхэр - Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щIыхь зиIэ я журналист, республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэ лъапIэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, нэгъуэщI дамыгъэ куэди.

Ди лэжьэгъухэми «Адыгэ псалъэр» зыIэрыхьэ ди ныбжьэгъуфIхэми нобэ дохъуэхъу узыншэу, я Iуэхухэр сыт и лъэныкъуэкIи ефIакIуэу, дяку дэлъ зэпыщIэныгъэр зэпымычу иджыри илъэс куэдкIэ газетыр лъэпкъым хуэлэжьэну!

*«Адыгэ псалъэм» и редколлегие.*

● Нобэ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ






# Ди ІэфІ, ди фІыгъуэ, ди гурыфІыгъуэ

**Дэтхэнэ адэ-анэм я дежкІи быныр ІэфІщ, зыхуэбгъадэ щымыІэ фІыгъуэщ, гъащІэм и гурыфІыгъуэщ. А хъугъуэфІыгъуэ мылъытэр - сабийр - узыншэу, насыпыфІэу, зыхуей хуэзэу къэгъэхъуныр, псом япэрауэ, я пщэрылъщ зипкъ къикІахэм, апхуэдэуи зыщалъхуа къэралым. Дунейм къытехьа быныр зыхуей хуэзэу пІыныр, нэхъыщхьэжращи, а цІыкІум и псэр лъагъуныгъэкІэ гъэхуэбэныр адэ-анэм я къалэнщ. Нэхъуеиншэу быныр зылъагъу анэр хущІокъу ар и тхьэлъэІухэмкІи ихъумэн. Къэралым и къалэнращи, ар набдзэгубдзаплъэу кІэлъыплъын хуейщ сабийм и хуитыныгъэм ехьэлІа псори жылагъуэм гъэзэщІа зэрыщыхъуным.**

САБИЙХЭР хъумэным и дунейпсо махуэр нобэ щагъэлъапІэ ЩІы хъурейм и къэрал 30-м щІигъум. Ар убзыхунымкІэ япэу жэрдэм къыхэзылъхьар ЦІыхубзхэм я дунейпсо демократие федерацэращ. Бзылъхугъэхэм къаІэта ІуэхугъуэщІэр диІыгъащ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН) икІи унафэ ищІащ сабийхэм я хуитыныгъэхэр, я узыншагъэр, уеблэмэ я гъащІэр хъумэным гулъытэ хэха хуащІын хуейуэ. 1950 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м ООН-м сабийхэр хъумэным теухуа унафэ щхьэхуэ къищтауэ щытащ. А махуэри ягъэуващ дунейпсо махуэшхуэу. Езы ООН-ми зэфІих лэжьыгъэ псоми ящыщу сабийхэм ехьэлІар япэ игъэщыпхъэу къилъытащ. Зэман дэкІри, ООН-м къищтащ япэщІыкІэ Сабийм иІэ хуитыныгъэхэмкІэ декларацэ, иужькІэ, 1979 гъэм, конвенцэ щхьэхуэ. Ахэр ди къэралым къыщыщалъытар 1990 гъэрщ.

Сабийр хъумэныр - унэтІыгъэ куэду зэщхьэщыха, апхуэдиз дыдэ Іуэхугъуи къызэщІэзыубыдэ къалэнщ. Ахэр зэфІэхыным йолэжь сабийм и хуитыныгъэхэр зыхъумэ ІуэхущІапІэхэр, къулыкъущІапІэхэр, цІыху щхьэхуэхэр, итІани щІэх-щІэхыурэ къоІу цІыкІухэм лей къащытехьэ къызэрыхъум теухуа хъыбархэр. А ІэнатІэхэр я пашэу, жылагъуэр хущІокъу сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэным, ар унагъуэм щыпІыным ехыкІа хабзэхэр езы адэ-анэ дыдэхэми къызэпемыгъэудыным. Апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэр, бзаджагъэхэр зи Іэужьхэр хабзэм ирашалІэ икІи тезырхэр тралъхьэ.

Урысей Федерацэм ткІийуэ щыкІэлъоплъ сабийхэм я хуитыныгъэр хъумэным, абыхэм щІэныгъэ, гъэсэныгъэ нэс етыным, гъащІэм лъэ быдэкІэ хэгъэувэным пыщІа Іуэхухэр зэфІэха зэрыхъум. Сабийхэм я хуитыныгъэмрэ абыхэм я сэбэп зыхэлъхэмрэ къащхьэжыныр властым и къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщуи къалъытэ. А унэтІыныгъэмкІэ УФ-м и Президентым и уполномоченнэщ Кузнецовэ Аннэ. Ди республикэм апхуэдэ къалэнхэр щегъэзащІэ Іуэгъуз Светланэ.

Сабий зэрыс унагъуэхэм я псэукІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зыужьыныгъэ игъуэтащ блэкІа илъэсхэм, псом хуэмыдэу сабийхэмрэ анэхэмрэ хъумэным гулъытэ нэхъыбэ хуащІ хъуащ. 2007 гъэ лъандэрэ Урысей Федерацэм и щІыналъэ псоми щолажьэ «Анэм и мылъку» программэ хэхар. Анэхэм хухах мылъкум илъэс къэс хохъуэ: сом мин 250-у къежьа дэІэпыкъуныгъэр, сабий етІуанэ (ещанэ...) зыгъуэт анэм иратыр, нэгъабэ лъандэрэ хъуащ сом мин 453-рэ. А ахъшэр трагъэкІуадэ псэупІэхэр егъэфІэкІуэным, сабийхэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным, анэхэм я лэжьыгъэ пенсэм хузэхуахьэс Іыхьэм. КъинэмыщІауэ, сабий ещанэ (еплІанэ...) зэзыгъэгъуэт унагъуэхэм ират псэупІэ щаухуэ хъун унапІэ, апхуэдэ Іэмал щІыналъэм щыщыІэмэ.

Шэч хэмылъу, программэхэр сэбэп хъуащ иужьрей илъэсхэм къэралым сабий нэхъыбэ къыщалъхунымкІэ. Абы уимыгъэгуфІэу къанэркъым.

Унагъуэхэм, сабий куэд щапІхэм защІэгъэкъуэныр къэрал унафэщІхэм къапэщылъ лъэпкъпсо Іуэхушхуэу щытми, абы проектышхуэхэр хуагъэлажьэми, тщыгъупщэ хъунукъым щІэблэм я узыншагъэр, хуитыныгъэхэр, уеблэмэ я гъащІэр хъумэныр, гъэсэныгъэ екІу зыхэлъ цІыху нэсу жылагъуэм хэгъэхьэныр псом япэ дэтхэнэ адэ-анэми я къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

ДИ САБИЙ ЛЪАПІЭХЭ!

Нобэ, мэкъуауэгъуэм и 1-р, сабийуэ дунейм тетым нэхъыфІ дыдэу флъагъу махуэшхуэхэм ящыщщ. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэщ цІыкІухэм фи гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм щыщІидзэмрэ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэр щагъэлъапІэмрэ зэрызэтехуэр.

ФІыуэ тлъагъу щІалэ цІыкІухэ, хъыджэбз дахэ цІыкІухэ! Фэ фхуэгъэза, ди къэралым нобэ щагъэлъапІэ махуэшхуэмкІэ ди гуапэу дынывохъуэхъу. Фи гъащІэр бэІутІэІуншэу фхьыну, фи хъуэпсапІэхэр нахуапІэ хъуну ди гуапэщ. Фи дыхьэшх макъ жьгъырум балигъхэм дапщэщи гукъыдэж къыдэфту, фхэлъ жыджэрагъымрэ щІэныгъэ зэгъэгъуэтыным фызэрыхущІэкъумрэ текІуэныгъэщІэхэм фыхуашэу фыпсэу.

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэр ипэжыпІэкІэ Іуэхугъуэ дахэщ, щІыхьрэ пщІэрэ зыпылъщ. А махуэм балигъхэр дызэкъуоувэ, фэ, къытщІэхъуэ ди щІэблэм, иджыри зэ гулъытэ фхуэтщІыну, фызыгъэпІейтей Іуэхугъуэ гуэрхэр щыІэмэ, ахэр тэрэз щІыным дыхущІэкъуу. Ди къэрал иным и дэнэ щІыналъи хуэдэу, ди республикэм и къалэхэми къуажэхэми нобэ щокІуэкІ махуэшхуэ дауэдапщэхэр. А псори зыхуэгъэзар фэращ, ди къэкІуэну дахэм и ухуакІуэ нэсхэ! Фэ фщыщ дэтхэнэми дынывохъуэхъу дыгъэр нуру къыщепс уафэ къащхъуэ къыфщхьэщытыну, насыпыфІэ фыхъуну, фхэлъ фІагъ псори наІуэ къэзыщІыфын Іэмалхэр фиІэну, гъащІэм лъэ быдэкІэ фыхэувэну.

Унагъуэм ис псори нобэрей махуэшхуэм и щІыхькІэ нэхъри фызэкъуэувэ, адэ-анэхэм зэрыхъукІэ вгъэгушхуэ фи бынхэр, зэманым я нэхъыфІыр, гулъытэм я нэхъ гуапэр абыхэм ялъывгъэсу.

Махуэшхуэр псоми угъурлы тхурехъу!

**КЪАСКЪУЛ Іэулият,**
*КъБР-м и Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI.*

● Хъуэхъу

## Угъурлы Тхьэм тхуищI!



## Фи бори яй, ди бори яй

**♦Пыжь пызу пыту иту щыту жыг.**
**♦Шыбжииплъ, псы плъыжьыбзэ.**
**♦ЩакІуэ щІакъуэм щІакхъуэ някъуэ щІакІуэ щІагъым щІэлъу ехь.**
**♦Жэмыбгъэ бгъэгу хужь мэжьэгъуашхэ.**
**♦Лыбжьалъэ плъыжьыбзэм шыбжиищхьэ плъыжьыбзиплІ къыхоплъ.**
**♦Мо шкІэ бур ди шкІэ хьэмэрэ фи шкІэ?**
**♦Мыщэр пэщащэурэ мащэм ищэтащ.**
**♦Набдзэ и набдзапцІэ фІыцІэр фІыуэ егъэцІу.**
**♦Тебэ фІыцІэм хупцІынэ цІынэ иупцІащ.**
**♦КІыгуугур хьэгуагуэ? ХьэкІагуэ кІыгуугу?**
**♦Іэпхъуалъэ фІыцІэ, псырылъэ цІу, псырылъэ фІыцІэ, Іэпхъуалъэ цІу.**
**♦Банэ папцІэ, мей цІынафэ.**
**♦Фи бори яй, ди бори яй.**
**♦Хурсэ-хурсэ ху санэ, санэху зэраза кхъузанэ.**
**♦Псынэ псыпс, псей дэкІей, зэпэпсыпсу дахэкІей.**
**♦Мейм мищэ щыпыщэщым щІэщэща пщІащэм мыщэ щопэщащэ.**

● ЩІалэгъуалэ Іуэху

# Сыбырымрэ Кавказымрэ зэпащІэ



**ЩІалэгъуалэ ІуэхухэмкІэ федеральнэ ІуэхущІапІэм этнотуристическэ зекІуэ къызэрегъэпэщ. Абы хэтынущ федеральнэ, щІыналъэ хъыбарегъащІэ ІуэхущІапІэхэм я лэжьакІуэхэмрэ блогер ныбжьыщІэхэмрэ.**

ЯПЭ зекІуэр мэкъуауэгъуэм и 2-8-хэм Кемеровскэ щІыналъэм, Алтай крайм, Хакасие, Алтай республикэхэм къыщызэрагъэпэщынущ. Іуэхум хэт щІалэгъуалэр «Хакасский аал» лъэпкъ музейм ирагъэблэгъэнущ, Абакан щыІэ Самохвал Іуащхьэм дэкІуеинущ, Шорскэ лъэпкъ паркым хиубыдэ бгъуэнщІагъхэм, псыкъелъэм яшэнущ, а щІыпІэм и унафэщІхэмрэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэмрэ яІущІэнущ.

Іуэхум кърикІуахэм щытепсэлъыхьыжынущ «Алтай. Точки Роста - 2017» 9-нэ дунейпсо щІалэгъуалэ зэІущІэм.

ЕтІуанэ зекІуэр Кавказ Ищхъэрэм щекІуэкІынущ шыщхьэуІум и 9-15-хэм. Абы хэтынухэр Ставрополь крайр, Дагъыстэн, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Къэбэрдей-Балъкъэр, Шэшэн республикэхэм ирагъэблэгъэнущ, пасэрей быдапІэхэр, мэжджытхэр, фэеплъхэр, щІыпІэ телъыджэхэр ирагъэлъагъунущ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэм яІущІэнущ. ЗекІуэм кърикІуахэм хьэщІэхэр щытепсэлъыхьыжынущ «Мэшыкъуэ» щІалэгъуалэ Іуэхум хэтхэм щахуэзэну зэІущІэм.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

## НОБЭ

**♦Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
**♦Адэ-анэм я дунейпсо махуэщ**
**♦Шэм и дунейпсо махуэщ**
**♦Урысейм и Ищхъэрэ флотым и махуэщ**
**♦Правительственнэ связь ІэнатІэр къыщызэрагъэпэща (1931 гъэм) махуэщ**
**♦Алтай Республикэм хыхьэу Бгырыс-Алтай автоном область къыщызэрагъэпэща махуэщ**
**♦Австралиер къыщызэІуаха махуэщ**
**♦Тунисым и Конституцэм и махуэщ**

♦**1806** гъэм архитектор Джакомо Кваренги Петербург ухуэн щыщІригъэдзауэ щытащ Смольнэ институтым и унэр.

♦**1862 гъэм** США-м цІыхухэр щагъэпщылІыну зэрыхуимытым теухуа унафэ къыщыдэкІащ.

♦**1892 гъэм** Урысейм щыяпэу Киев электричествэкІэ зекІуэ трамвай щаутІыпщащ.

♦**1921 гъэм** «Красная Кабарда» (иджы «Кабардино-Балкарская правда») газетым и япэ номерыр къыдэкІащ.

♦**1924 гъэм** «Къэрэхьэлъкъ» (иджы «Адыгэ псалъэ»), «Заман» газетхэм я япэ номерхэр къыдэкІащ.

♦Нэмыцэ физик, математик, бзэщІэныгъэлІ, философ цІэрыІуэ **Лейбниц Готфрид** къызэралъхурэ илъэс 371-рэ ирокъу. Пётр Езанэм и лъэІукІэ абы зэхилъхьауэ щытащ егъэджэныгъэмрэ къэрал зехьэкІэмрэ зэрызрагъэужьыну щІыкІэм теухуа проектхэр.

♦Пётр I ипхъу Елизаветэ пащтыхь гуащэм и зэманым Урысейм и къэрал щІыб политикэр зыунэтІу щыта, дипломат, генерал-фельдмаршал **Бестужев-Рюмин Алексей** къызэралъхурэ илъэс 324-рэ ирокъу.

♦Урыс композитор щэджащэ **Глинкэ Михаил** къызэралъхурэ илъэс 213-рэ ирокъу. 1833 гъэм абы итха «Патриотическая песня» макъамэр Урысей Федерацэм и къэрал гимну щытащ 1991 - 2000 гъэхэм.

♦США-м щыщ, дуней псом щынэхъ цІэрыІуэ дыдэ киноактрисэхэм хабжэу щыта **Монро Мэрилин** (и цІэунэцІэ дыдэр Нормэ Джин Мортенсонщ) къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм щыщ гъавэгъэкІ цІэрыІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Енықъуэ Исхьэкъ** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Шортэн Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Актрисэ, УФ-м и цІыхубэ артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Симоновэ Евгение** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, Урысейм и Олимп комитетым и президент, УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ **Жуков Александр** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Хоккеист, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Олимп джэгухэм тІэунейрэ я чемпион **Крутов Владимир** къызэралъхурэ илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Израилым щыпсэу жылагъуэ лэжьакІуэ, Кфар-Камэ къуажэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Нэпсо Зэчрей** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Фыз фэрыщІ лІыгъапцІэщ.**

# Усэхэмрэ уэрэдхэмрэ

### ИНЭМЫКЪУЭ

**Инэ-инэ,**
**Инэмыкъуэ,**
**Мыкъуэ щхьэл,**
**Щхьэл къутэ,**
**Къутэро,**
**Щауэ мыхъу,**
**Щауэ хъуа,**
**Хъурзэ натІэ,**
**Хьэ натІищ,**
**ЛІищ зыукІ,**
**ЗызыукІыж,**
**Хьэнэрыгъ,**
**Лъэрыгъыпс.**
**Зи джэгупІэ,**
**Жыгыжь гъуанэр**
**Зи псэупІэ.**
**Псыхъуэ мэзыр**
**ЗыгъэбжьыфІэ,**
**ЦІыкІуи ини**
**ЗыгъэгуфІэ.**
**Мыдэ къаплъэт,**
**Бацэ цІыкІу,**
**Уэсхъуэжынущ**
**Сэ дэ цІыкІу.**
**Абы щхьэкІэ**
**Уи сурэт**
**Сэ фэеплъу**
**Уэ къызэт.**

**ЩОДЖЭН Леонид**

### КІЭПХЪ

**Си кІэпхъ цІыкІуу**
**Зи кІэр бацэ,**
**Бацэ цІыкІуу**
**Си нэІуцэ,**
**Зи нэ цІыкІухэр**
**МафІэ дэп.**
**Дэм и купщІэр**
**Зи шхыныгъуэ,**
**Жыгыжь щхьэкІэр**
**Пшэплъым нэхърэ**
**Нэхъ тхъуэплъыжу**
**КъыхэтхъуэплъыкІа**
**Ди Дыгъэу**
**Ди дуней нэху цІыкІур**
**КъыпыгуфІыкІаи!**
**Псыпсрэ-псыпсу**
**ЗэщІэпсыпсэу,**
**Дыгъэ щыгъэ**
**ЯпщІэхэлъу,**
**КъызэщІэтэджаи!**

**АФІЭУНЭ Лиуан**

### ГЪЭМАХУЭ ПЩЭДДЖЫЖЬ

**Жьырытэдж**
**Пщэдджыжь**
**Пшэплъ дахэм**
**Ис бзу цІыкІухэм**
**Уэрэд къыхадзаи!**
**ЦІыкІухэр гуфІэу,**
**Я нэр къиху у,**
**ПІэкум къитІысхьаи!**

### САНЭМРЭ ЖЫЗУМЕЙМРЭ

**- Санэ, санэ,**
**ЦІыкІунитІэ,**
**ІэмпІэ, ІэмпІэ,**
**ІэмпІэ кІэщІ.**
**Къыздэплъей уэ**
**ТІэкІунитІи,**
**Нэхъ иныІуэу**
**ЗыкъэшэщІ!**
**- Хьэуэ, хьэуэ,**
**Жызумей.**
**Сабий цІыкІухэр**
**Зэзгъэхъуапсэу,**
**Ин сыхъуну**
**Сыхуэмей!**

**МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ**

### ГУЩЭКЪУ УЭРЭД

**Мазэ тхьэгъу лъэныкъуэр**
**Уафэм кІэрыщІащ.**
**Вагъуэ цІыкІухэр щыгъэу**
**Зэбгрыщэщащ...**
**Жэщыр пщІыхь дахащэу**
**Іупхъуэм къызэпхощ,**
**Уэри мыщІэ цІыкІуу**
**Гущэм укъыхощ.**

*Ежьу:*

**Жей, си ІэфІ, си фІыгъуэ,**
**Жей, си гурыфІыгъуэ,**
**Си къудамэ цІыкІуу**
**Къыдэжа!**
**Жей, си нэху, си дыгъэ,**
**Жей, си насып щыгъэ,**
**Си удз гъэгъа цІыкІуу**
**Къыхэжа!**

**Сыт ущІемызэгъыр,**
**Си гуфІэгъуэ щэху?**
**Щабэщ уи гущапІэр -**
**Тыншу зыгъэпсэху.**
**Жей, си дыщэ кІанэ,**
**Жэщыр зэгъэжащ.**
**Сэ уи уэрэд цІыкІум**
**Къытезгъэзэжащ.**

*Ежьу:*

**Жей, зи насып псыпэм**
**Псышхуэ ирижэн,**
**Гъэ зэрытехьэххэу**
**ЛъапэкІэ зежэн.**
**Жей, си фІыгъуэ закъуэу**
**НэхулъэфІ къысхуекІын,**
**Сэ гуфІэгъуэ нэпсхэр**
**ЗыхущІэзгъэкІын.**

**Гъуджэм, зысщыбгъэпщкІуу,**
**Хъумэ уиплъэрей,**
**Сэ пхуэсщІынкъэ тыгъэу**
**ЩыІэ псом я лейр:**
**Мазэ тхьэгъу лъэныкъуэр**
**Къыпхуэслъыхъуэжынщ,**
**Вагъуэ щыгъэ цІыкІухэр**
**Къыпхуэсщыпыжынщ.**

*Ежьу*







● КъБР-м и прокуратурэм

### Тхылъхэр хуатх

**Социальнэ инфраструктурэм и псэуалъэхэм тыншу щІыхьэфу къызэрызэрагъэпэщри хыхьэу, зи Іэпкъ-лъэпкъым сэкъат иІэ цІыхухэм я хуитыныгъэхэр зэрахъумэр Лэскэн щІыналъэм и прокуратурэм къиплщытащ.**

А ЛЭЖЬЫГЪЭР щрагъэкІуэкІым «Урысей Федерацэм ныкъуэдыкъуэхэр социальнэу зэрыщахъумэм и ІуэхукІэ» 1995 гъэм щэкІуэгъуэм и 24-м къащта Федеральнэ закон №181-ФЗ-м къигъэувхэр Лэскэн районым и муниципальнэ щІыналъэу 10-м, еджапІэу 15-м къыщызэпауду къыщІэкІащ.

КъызэрахутамкІэ, ІуэхущІапІэхэм щІыхьэпІэ хэхахэр (пандусхэр), убыдыпІэхэр щагъэувакъым, ныкъуэдыкъуэхэм я автотранспорт щытыпІэхэр щхьэхуэу щагъэбелджылакъым. КъинэмыщІауэ, зи гугъу тщІы ІэнатІэхэм я бюджетхэм а Іуэхухэм мылъку гуэри щыхухахакъым.

Къэпщытэныгъэм къикІуам ипкъ иткІэ, щІыналъэм и прокуратурэм еджапІэ 15-м я унафэщІхэмрэ администраци 10-м я ІэтащхьэхэмрэI нықъусаныгъэхэр ягъэзэкІуэжыну къалэн ящызыщІ тхылъхэр яхуитхащ.

### Уголовнэ Іуэху къраагъэІэтын папщІэ

**Гемофилие, муковисцидоз, лимфомэ, склероз узыфэ лІэужьыгъуэхэр зиІэхэр хущхъуэхэкІхэмкІэ къызэгъэпэщыным хухах бюджет ахъшэр къызэрагъэсэбэп щІыкІэр КъБР-м и прокуратурэмрэ ФСБ-м и щІыналъэ къудамэмрэ зэщІыгъуу къапщытащ.**

КЪЫЗЭРАХУТАМКІЭ, республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и къэрал бюджет ІуэхущІапІэхэм я унафэщІхэм хущхъуэхэкІхэр пщІэншэу къызэрыІах рецептхэр хуимыту ятащ. Абы щыгъуэми, хабзэр къызэпаудри, сымаджэхэр мыхъуу, «Аптекэм и хъумапІэ» зи щхьэ хущытыж къэрал ІэнатІэм щыщ къулыкъущІэхэм рецептхэр хуагуэшащ, зи пІалъэр икІа хущхъуэхэкІхэр ягъэбелджылын мурадкІэ.

Уголовнэ Іуэху къызэІурагъэхын папщІэ, къэпщытэныгъэм и тхылъхэр республикэм и прокуратурэм следствэмкІэ ІэнатІэхэм иратащ.

***КъБР-м и прокуратурэм и пресс-ІуэхущІапІэ.***

● Къэрал зэпыщIэныгъэхэр

МАКРОН Эммануэль:

# Урысейр хэмыту зэпIэззэрыт хъунукъым



**Урысейм и Президент Путин Владимир япэу хуэзащ Франджым и Iэтащхьэу хаха Макрон Эммануэль и къулыкъущIэм пэрыува нэужь. Къэрал лIыщхьэхэр тепсэлъыхьащ лъэныкъуитIым я зэхущытыкIэхэм, Сириемрэ Украинэмрэ къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэм. Президентхэр зэгурыIуащ зэкъуэту терорризмэм ебэнын папщIэ лэжьакIуэ гуп къызэрагъэпэщыну икIи акъылэгъу зэдэхъуащ норманд щытыкIэр къагъэщIэрэщIэжу Европэм Шынагъуэншагъэмрэ зэдэлэжьэныгъэмкIэ IуэхущIапIэр (ОБСЕ) абы къыхашэну.**

НЭГЪАБЭ жэпуэгъуэм Урысей щэнхабзэ центрыр къыщызэIуахым Путин Владимир Париж къыщыпэплъащ. АрщхьэкIэ президенту щыта Олланд Франсуа и администрацэм ар зэрыфIэмыфIыр къыщищIэм ди лъэныкъуэр щIегъуэжащ. Къэралым и Iэтащхьэ къулыкъум зэрыпэрыувэу Макрон Эммануэль езым Путиныр Франджым иригъэблэгъащ. Урысейр абы зэрыпэплъэр лъэныкъуитIым я зэпыщIэныгъэхэм и напэкIуэцIыщIэ къызэIуахынымкIэ IэмалыфIущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ франджы унафэщIу щытар ягу къызэринэжар Урысейм кърищэну къызэригъэгугъа «Мистраль»-хэр зэриубыдыжамрэ 2016 гъэм и бжьыхьэм траухуауэ, Путин щыщIегъуэжа зэIущIэм Сирием фIэкIа темыпсэлъыхьыну зэрытригъэчыныхьамкIэщ.

Макрон Эманнуэлрэ Путин Владимиррэ я зэIущIэр щекIуэкIар Версаль уардэунэрщ, император хьэщIэщу щытарщ. Музей комплексыр зыплъыхьакIуэхэм папщIэ зэхуащIат, арщхьэкIэ пэшхэм щIэз хъуат УФ-м, Франджым, нэгъуэщI къэралхэм я хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

Зэпсэлъэныгъэхэр сыхьэтищым нэблагъэкIэ екIуэкIащ икIи абы иужькIэ зэгъусэу журналитсхэм яIущIащ. Франджым и президентым и къэпсэлъэныгъэм ягу къыщигъэкIыжащ илъэс 300 ипэкIэ мыпхуэдэ лъэхъэнэм ирихьэлIэу урыс пащтыхь Пётр Езанэр Фраджым къэкIуауэ зэрыщытар икIи апхуэдэ дыдэу Версаль зэрекIуэлIар. Абы жиIащ франджы-урыс зэныбжьэгъугъэм и лъабжьэр а зэманым гъэтIылъа зэрыхъуар.

Урысейм и Президентыр зэреплъымкIэ, лъэпкъитIым я зэдэлэжьэныгъэр куэдкIэ нэхъапэ щIидзащ.

- ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъ франджыхэр щыгъуазэщ урыс Аннэ - Франджым и пащтыхьу щытам; пщы Ярослав Iущым и пхъур и щхьэгъусэу щытащ Генрих I икIи и нэхъ мащIэу европей лъэпкъышхуитIым - Бурбонхэмрэ Валуахэмрэ - я лъабжьэр игъэтIылъри, Франджым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. Абыхэм ящыщ зым иджыри Испанием тепщэр щиIыгъщ, - дыщIигъужащ Путин Владимир и лэжьэгъум жиIам.

## Псалъэмакъ зэIуха

УРЫСЕЙМРЭ Франджымрэ я Iэтащхьэхэм жаIащ я еплъыкIэхэмкIэ зэрызэхъуэжар. ЛIыщхьитIри акъылэгъу зэдэхъуащ къэралитIми я къалэн нэхъыщхьэр терроризмэм ебэныныр арауэ зэрыщытыр. Макрон Эммануэль къыхилъхьащ террорым зэкъуэту ебэнын папщIэ урысей-франджы лэжьакIуэ гуп къызэрагъэпэщыну.

КъищынэмыщIауэ, къэралитIым я президентхэр зэгурыIуащ гуманитар, экономикэ унэтIыныгъэхэм щаIэ зэпыщIэныгъэхэр ирагъэфIэкIуэну.

-Хьэкъыу спхыкIащ Урысеймрэ Франджымрэ я еплъыкIэхэр иджырей политикэ щытыкIэм нэхърэ зэрынэхъ лъагэр. Псом нэхърэ нэхъыфIу ар къызыгурыIуэр, щытыкIэ гугъум емылъытауэ Урысейм жыджэру щылажьэ франджы бизнесырщ, - жиIащ Путин Владимир икIи къыхигъэщащ илъэс блэкIам къриубыдэу къэралхэм я сату зэпыщIэныгъэр процент 14-кIэ, мы гъэм и япэ мазищым процент 23,7-кIэ зэрыхэхъуар.

Путин Владимирри Макрон Эммануэли Сирием къыщекIуэкI щытыкIэм хуаIэ еплъыкIэхэм я нэхъыбэр зэхуэдэщ. ЛIыщхьитIри и телъхьэщ а къэралыр зыуэ къызэтенэным. Ауэ франджы Iэтащхьэм трегъэчыныхь Асад Башар хэмыту демократие къэралыгъуэ абы щызэфIэгъэувэным. Макрон зэрыжиIэмкIэ, щIыналъэм химие Iэщэр къыщигъэсэбэпыныр къемызэгъыххэщ. Путин Владимир и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, и нэгу къыхущIэгъэхьэркъым террорист гупхэр щылъэщ щIыналъэм и къэрал щытыкIэр зэтепкъутэурэ терроризмэм узэребэныну щIыкIэр. УнафэщIхэр зэгурыIуащ «норманд зэхэтыкIэр» къагъэщIэрэщIэжыну. Мы махуэхэм УФ-м, Франджым, Германием, Украинэм я Iэтащхьэхэр иджыри зэ телефонкIэ зэпсэлъэнущ. Макрон Эммануэль жиIащ Донбассым зэпэщIэтыныгъэр щыужьыхмэ, УФ-м хуэгъэза санкцэхэр Iуахыжыну.

Пресс-конференц нэужьым президентхэр еплъащ Пётр Езанэр Франджым зэрыкIуауэ щытам хухахауэ къызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм.

## ЩIэныгъэлIхэм я еплъыкIэхэр

ФЕДЕРАЦЭМ и Советым дунейпсо IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщI Косачёв Константин «Изветия»-м игу къигъэкIыжащ хэхыныгъэхэм ипэ къиихуэу Макрон Эммануэль Урысейм теухуауэ сакъыпэу зэрыщытар.

- Сыщыуэну сыхуейкъым, ауэ нобэрей зэIущIэм къызэригъэлъэгъуам тепщIыхьмэ, Макрон нэхъапэм жиIахэр хэхыныгъэхэм зэрыщытекIуэн IэмалщI. Президент къулыкъум пэрыува нэужь, абы лэжьыгъэм хуиIэ бгъэдыхьэкIэр гугъэфIхэр уэзыгъэщIщ. ЗэкIэ апхуэдэ еплъыкIэщ хузиIэр, - къыхигъэщащ сенаторым.

Къэрал Думэм дунейпсо IуэхухэмкIэ и комитетым и тхьэмадэ Слуцкий Леонид зэреплъымкIэ, зэIущIэм кърикIуахэр къэплъытэ хъунущ урысей-франджы зэпыщIэныгъэхэм ипэкIэ яча лъэбакъуэу.

- Къыхэзгъэщыну сыхуейт, Европэм и къэкIуэнумрэ дуней псор зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэмрэ Мэзкуур хэмыту зэрыпхузэпкърымыхынур Макрон къызэрилъытар. Абы гугъэфIхэр уегъэщI лIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ къекIуэкIа ди зэхущытыкIэхэр ефIэкIуэну Iэмал зэрыщыIэм, - дыщIигъужащ абы.

Франджы-урысей къэпщытакIуэ центрым и унафэщI Дюбьен Арно иджырей зэIущIэм мыхьэнэшхуэ иIэу Пётр Езанэр Франджым зэрыкIуауэ щытам пэджэжу къилъытащ.

- ЛъэныкъуитIми я къалэн нэхъыщхьэр я еплъыкIэхэм темыкIыу иджырей щытыкIэм къикIынырщ. СызэреплъымкIэ, зэтемыхуэныгъэ щыщыIэ унэтIыныгъэхэр зэпIэззэрыт зыщIыр ипэкIэ кIуэтэнущ, - хуигъэфэщащ франджы щIэныгъэлIым.

**ИЗОТОВ Сергей.**
*«Изветия»*

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

# ЩытыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ

● Зэпсэлъэныгъэхэр

**Украинэм и щытыкIэм теухуауэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ Урысеймрэ зэпсэлъэныгъэхэр щIадзэжынущ. Апхуэдэ мурадхэмкIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ядэгуэшащ Унэ хужьыр. КъэралитIыр зы еплъыкIэм хуэкIуэфыну къелъытэ политолог Денисов Денис.**

США-м къыщыдэкI газетхэм ящыщ зы «Washington Post»-м зэритхымкIэ, Трамп Дональд и администрацэр хьэзырщ украинэ кризисыр зэпIэззэрыт щIыжыным теухуауэ Урысейм зэпсэлъэныгъэхэр иджыри зэ дригъэкIуэкIыну. КъызэрыхагъэщымкIэ, къэрал секретарь Тиллерсон Рекс и дежкIэ Украинэр IэмалыфI дыдэщ зэкIэ узыгъэгушхуэн зыхэмылъ Урысеймрэ США-мрэ зэхуаIэ зэпыщIэныгъэхэр Трамп и администрацэм иригъэфIэкIуэну.

«ЗэкIэ псоми щIидзэ къудейуэ щыт пэтми, Тиллерсон и мурадыр теухуащ нэгъабэ Обамэ Барак и администрацэм кърихьэжьа мамыр зэпсэлъэныгъэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным, щытыкIэщIэхэмрэ цIыхущIэхэмрэ я фIыгъэкIэ ехъулIэныгъэ абы къыпэкIуэным», - къыщыхьащ газетым.

«Washington Post»-м зэритхымкIэ, а жэрдэмым теухуауэ Тиллерсонрэ Урысейм нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министр Лавров Сергейрэ зэпсэлъащ. США-м и вице-президент Пенс Майкл и IуэхущIапIэр хэту стратегиещIэр зэхэгъэувэным ехьэлIа лэжьыгъэр жыджэру йокIуэкI.

ЗэрыжаIэмкIэ, Украинэм теухуа зэпсэлъэныгъэхэм къэрал департаментым къыбгъэдэкIыу хэтын папщIэ Тиллерсон лIыкIуэ щхьэхуэ игъэувыну и мурадщ. КъищынэмыщIауэ, абы дипломат зэпыщIэныгъэр диIыгъынущ УФ-м и Президентым и дэIэпыкъуэгъу Сурков Владислав.

Америкэм и лъэныкъуэмкIэ нэхъапэм а зэпсэлъэныгъэхэр иригъэкIуэкIыу щытащ къэрал секретарым Европэмрэ ЕвразиемкIэ и дэIэпыкъуэгъу Нуланд Викторие. Сурковымрэ Нуландрэ я иужьрей зэIущIэр щекIуэкIар 2016 гъэм и жэпуэгъуэрщ. ЩэкIуэгъуэ мазэм США-м и президенту хахащ Трамп.

Политолог Денисов Денис къызэрилъытэмкIэ, ипэкIэ тета США-м и администрацэр текIа нэужь, «украинэ унэтIыныгъэм» егъэщIылIауэ зэпсэлъэныгъэхэр екIуэкIакъым.

«Трамп США-м и президенту зэрыхахрэ а Iуэхугъуэр зыбжанэрэ къаIэтащ. Нэхъапэм абы теухуа къалэныр зыгъэзащIэу щыта Трамп къытеува нэужь, къэрал департаментым къыхэкIыжа Нуланд Викторие и пIэм зыри ирагъэувакъым. США-м щекIуэкIа хэхыныгъэхэр зэрызэфIэкIыу гугъэхэр щыIащ украинэ унэтIыныгъэмкIэ жэуап зыхь цIыху ягъэбелджылыну. АрщхьэкIэ, Трамп и гупым къалъыкъуэкIа, иджыри къыздэсми зыхэт щытыкIэ гугъухэм къыхэкIыу а Iуэхур зэпкърыхыныр зэманкIэ ягъэIэпхъуащ», - жиIащ Денисовым. Ар зэреплъымкIэ, Украинэм и щытыкIэм теухуауэ Урысеймрэ США-мрэ я зэпсэлъэныгъэхэм ехъулIэныгъэ кърикIуэфынущ.

«Трамп и администрацэр а Iуэхугъуэм елэжьыным иужь зэрихьэжам теухуа хъыбархэр къытIэрыхьэн зэрыщIидзэжам гугъэфIхэр уегъэщI. Донбассым щыщыIэ зэпэщIэтыныгъэр егъэфIэкIуэным къаруущIэ хилъхьэну дыщогугъ ар къалэн зыхуащIыну цIыхум. США-мрэ Урысеймрэ я зэпсэлъэныгъэхэр ехъулIэныгъэкIэ зэфIэкIмэ, американхэм Киевым тракъузэфынущ Минск зэгурыIуэныгъэм къыщыхьахэр игъэзэщIэну», - къыхигъэщащ политологым.

*«РИА» хъыбарегъащIэ IэнатIэ.*

● Хэхъуэ

## ПсэукIэр щызэтеувэжынур

**Урысейм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм зэхигъэуващ 2035 гъэ пщIондэ къэралым и цIыхухэм яIэну хэхъуэм теухуа макропрогнозыр.**

АБЫ къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, 2013 гъэм яIэу щыта хэхъуэм ди цIыхухэр щыхуэкIуэжынур 2022 гъэм ирихьэлIэущ. Апхуэдэу щыт пэтми, пенсэхэр кризисым ипэ зэрыщытам нэхърэ нэхъ мащIэу къэнэнущ 2035 гъэми.

Министерствэм къихьа бжыгъэхэр къащехъулIэнур экономикэ зыужьыныгъэхэр дуней псом ику иту къыщыхьам нэхърэ нэхъыбэ хъурэ сэбэпынагъ къызыпэкIуэну зэхъуэкIыныгъэхэр ирагъэкIуэкIмэщ. Экономикэм и зыужьыныгъэр кърикIуэн хуейщ лэжьапIэ IэнатIэ Iутхэр нэхъыбэ, къыщIагъэкIыр нэхъыфI хъумэ. КъищынэмыщIауэ, пенсэм щыкIуэ ныбжьыр цIыхухъухэм папщIэ илъэс 65-м, цIыхубзхэм - илъэс 63-м хуагъэкIуэнущ.

Планым зэритымкIэ, пенсионерхэм я бжыгъэр процент 35-м къехынурэ процент 22-м хуэкIуэнущ. Ауэ пенсэ ахъшэм иIэну хэхъуэр зэхащIэнукъым, уеблэмэ, 2022 гъэ пщIондэ абы къыщIэкIыр нэхъ мащIэ хъуурэ кIуэнущ.

ЛэжьапIэ IэнатIэ Iутхэм я щытыкIэр нэхъыфIыну хуагъэфащэ. 2035 гъэм ирихьэлIэу улахуэр процент 56,5-кIэ хэхъуэнущ.

*«Интерфакс» хъыбарегъащIэ IэнатIэ.*

**Урысейм и тыкуэнышхуэхэм ящыщ зым Сирием къыщагъэкIа хадэхэкIхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ дяпэкIэ щащэнущ. Илъэс пIалъэ зиIэ зэгурыIуэныгъэ иджыблагъэ зэращIылIащ Сириемрэ «Магнит» тыкуэнышхуэ зэпыщIахэмрэ.**

МЫ ГЪЭМ къриубыдэу ди къэралым къращэфынущ хадэхэкIрэ пхъэщхьэмыщхьэу тонн мини 6-м щIигъу, 2018 гъэм а бжыгъэр тонн мин 80 - 90-м хуэкIуэнущ. Новороссийск кхъухь тедзапIэм мы махуэхэм къащыIэрыхьащ помидор, баклажан, шыбжий хуэдэхэу тонн 50-м нэблагъэ. Мэкъуауэгъуэм и 20-м ирихьэлIэу Сирием иджыри къращыну поплъэ балийIэрысэ, хуэрэджэ, шэфтал иту контейнер 12, псоми зэхэту тонн 240-рэ я хьэлъагъыу.

● Сату

## «Магнит»-м Сирием зыпещIэ

ХадэхэкIхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ Сирием къращыным теухуауэ псалъэмакъыр иджыри нэгъабэ кърахьэжьауэ щытащ. ЗэрытращIыхьамкIэ, ахэр и пIэ иувэн хуеящ Тыркум къращыну хуит ямыщIа хадэхэкIхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ. АрщхьэкIэ, мурадыр къызэпыуда хъуащ Сирием къыщагъэкIхэр зралъхьэн зэрамыIэм къыхэкIыу.

**ЕГОРШЕВЭ Нинэ.**
*«ТАСС» хъыбарегъащIэ IэнатIэ*

● Щыдагъэ

# Сауд Хьэрыпым гуроIуэ



**Китайм иджыблагъэ щызэхэта форумым хыхьэу Урысейм энергетикэмкIэ и министр Новак Александррэ Сауд Хьэрыпым щIыдагъэмкIэ и министр Хъалид аль-Фалихьрэ зэпсэлъэныгъэхэр ирагъэкIуэкIащ. Абы и гугъу щащIащ щIыдагъэ рынокыр зэпIэззэрыт щIа зэрыхъуну Iэмалхэм.**

ЗЭПСЭЛЪЭНЫГЪЭМ хэтахэм зэIущIэ нэужьым зэрыжаIамкIэ, зэгурыIуэныгъэм хэтхэм я деж къэралитIым я лIыкIуэхэм къыщыхалъхьэнущ щIыдагъэ къыщIэшыныр гъэмэщIэнымкIэ нэгъабэ къащта дэфтэрым и пIалъэм иджыри мазибгъукIэ къыпащэну.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ЩIыдагъэр къыщIэзыш къэралхэм я зэгухьэныгъэр (ОПЕК) нэгъабэ икIэщIыпIэкIэ зэхуэсауэ щытащ уасэхэр зэрехуэхым къыхэкIыу. Абы щыгъуэм мы жэрдэмыр къыхилъхьащ зэгухьэныгъэм и унафэщI, Нигерием щIыдагъэмкIэ и министр Качикву Эммануэль. Iуэхум щхьэусыгъуэ хуэхъуащ, 2004 гъэ лъандэрэ къэмыхъуауэ, 1 баррелым и уасэр процентыи 9-м щIигъукIэ ехыу, доллар 30,7-м хуэкIуауэ зэрыщытар.

Урысеймрэ Сауд Хьэрыпымрэ я министрхэр акъылэгъу зэдэхъуащ рынокыр зэпIэззэрытын папщIэ щIыдагъэ гъэтIылъыгъэхэр иужьрей илъэситхум щыIам нэхърэ нэхъыбэ пщIы зэрымыхъунумкIэ икIи абы хуэунэтIа зэгурыIуэныгъэм и кIэухыр 2018 гъэм и гъатхэпэм и 31 пщIондэ ягъэIэпхъуащ. А еплъыкIэр утыку къыщралъхьащ мы гъэм накъыгъэм и 25-м Австрием и къалащхьэ Венэ щызэхэта ОПЕК-м и зэхуэсым.

«СызэреплъымкIэ, гугъэфIхэр пщIы хъунущ. АбыкIэ тегушхуэныгъэ къыдет а IуэхугъуэмкIэ ди лэжьэгъу нэхъыщхьэ Сауд Хьэрыпыр сыт и лъэныкъуэкIи дызэриакъылэгъум», - щыжиIащ Китайм зэрыщыIам кърикIуахэм теухуауэ Путин Владимир иригъэкIуэкIа пресс-конференцым.

КъэхутакIуэ IэнатIэ цIэрыIуэхэм я IэщIагъэлIхэм къыхагъэщащ щIыдагъэ къыщIэшыныр зэрагъэмащIам и фIыгъэкIэ экономикэр зэпIэззэрытыныгъэм хуэкIуэ зэрыхъуар. Дунейпсо энергетикэ IуэхущIапIэм зэрыхуигъэфащэмкIэ, программэм и лэжьыгъэр мы гъэм и кIэух пщIондэ нэхъ мыхъуми иджыри ягъэIэпхъуэфмэ, щIэупщIэр къыхуагъэлъагъуэм нэхърэ нэхъыбэ хъунущ икIи щIыдагъэм и уасэм зиIэтыжыфынущ.

**САРХАНЯНЦ Кирилл.**
*«Коммерсантъ»*

# Дипломатхэр къырахуж

● Къаугъэ

**Мэрем кIуам Эстонием НэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм хъыбар къитащ Урысейм и лIыкIуэхэу абы щыIэ генеральнэ консул Казённов Дмитрийрэ консул-чэнджэщэгъу Сургаев Сергейрэ икIыжын хуейуэ. Апхуэдэ унафэ къыщIащтам и щхьэусыгъуэр министерствэм щыжаIакъым.**

«УРЫСЕЙМ и дипломатхэр Эстонием къызэрырагъэкIыжар - къэралитIым я зэхущытыкIэр езыгъэкIакIуэ Iуэхугъуэщ икIи апхуэдэр жэуапыншэу къэнэнукъым», - щыжаIащ УФ-м НэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм. Ауэ зэкIэ Эстонием и посольствэу Мэзкуу дэтым хъыбар гуэри ирагъэщIакъым.

«Къэралым щылэжьэну хуит къащIа дипломатым и къалэнхэм къищынэмыщIауэ, хабзэр къызэпызыуд Iуэхугъуэ гуэрхэр далъэгъуамэ, апхуэдэр къэралым ирахужыну хуитщ», - жиIащ Эстонием шынагъуэншагъэмкIэ полицэм и унафэщIу щыта Аэгэ Райвэ.

Иджырейр Урысеймрэ Эстониемрэ я зэхуаку къыдэхъуа япэ дипломат псалъэмакъкъым. ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэр щыгъуазэ хъуауэ ди дипломатхэр Таллин ирахужауэ щытащ 1996, 2000, 2004, 2013 гъэхэм. КъищынэмыщIауэ, 2013 гъэм Санкт-Петербург къыдагъэкIыжащ къэрал консул Персидски Франек, 2004 гъэм «Урысей Федерацэм и еплъыкIэхэм зэран хуэхъу IуэхущIафэхэр зэрилэжьам папщIэ» Мэзкуу къыдахужауэ щытащ Эстонием и посольствэм и лэжьакIуитI (абы и пэ къиихуэу апхуэдэ дыдэу кърагъэщIауэ щытащ Урысейм и дипломатитIми).

ТIасхъэщIэх Iуэхугъуэхэр зэрахьэу шэч хуащIынкIэ хъунущ дипломат къулыкъу езымыхьэкI къэралитIым я цIыхухэми. Иужьрейхэм ящыщщ Эстонием хыхьэ Харьюн къалэм и судым ди къэралым щыщ Зинченкэ Артём «Урысейм и тIасхъэщIэх IэнатIэхэм хабзэм къемызэгъыу зэрадэлажьэм папщIэ» мы гъэм накъыгъэм и 8-м илъэситхукIэ зэригъэтIысар. Нэхъ иныу хэIуахэм ящыщщ Эстонием ШынагъуэншагъэмкIэ полицэм и лэжьакIуэ Кохвер Эстон и Iуэхур. Ар Урысейм илъэс 15-кIэ щагъэтIысауэ щытащ, иужькIэ 2015 гъэм къахъуэжащ тIасхъэщIэх фIащу Эстонием щаубыда Дрессен АлексейкIэ.

**ДУДИНЭ Галинэ.**
*«ТАСС» хъыбарегъащIэ IэнатIэ*

# Иджыри къыдокIуей

● Псыдзэ

**Ставрополь крайм къыщIэуа псым абы щыпсэу цIыхухэм гугъуехьышхуэрэ хэщIыныгъэшхуэрэ къахуихьащ. Отказненскэ псы хъумапIэм и быдапIэхэм имыIыгъынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэм къыхэкIыу накъыгъэм и 29-м къыдагъэIэпхъукIащ абы и Iэгъуэблагъэхэм щыпсэу жылагъуэхэр.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, крайм и къуэкIыпIэ щIыналъэхэм псыдзэр къащIэуащ иужьрей илъэс 50-м къриубыдэу къэмыхъуауэ уэшхышхуэ къешхахэм я зэранкIэ.

«ЦIыхухэм я узыншагъэмрэ я гъащIэмрэ я зэран къемыкIын папщIэ пщэдджыжьым сыхьэти 6-м щIадзэри зэкIэлъхьэужьу къыдагъэIэпхъукIащ Отказное, Нины, Стародубское, Архангельское, Орловкэ, Покойное къуажэхэр, Зеленокумск къалэр, - жиIащ крайм и губернатор Владимиров Владимир.

Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, псы къыдэкIуеиныр иджыри щигъэтакъым.

«Иджыпсту къанэ щымыIэу хьэзырщ, цIыхухэр пIалъэкIэ щыпсэунухэмрэ ахэр зэрыдгъэIэпхъуэну транспортымрэ. ЗыдэIэпхъукIа жылагъуэхэр хъунщIакIуэхэм щахъумэнущ полицэм и лэжьакIуэхэм, - жиIащ губернаторым. - ПсэупIэхэм узэрыдыхьэфынур паспортыр бгъэлъагъуэмэщ, хабзэхъумэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэмрэ къегъэлакIуэхэмрэ уи гъусэу».

НэхъапэIуэкIэ крайм и унафэщIхэм хъыбар къатауэ щытащ Отказненскэ псы хъумапIэм щхьэщагъэжыр нэхъыбэ хъумэ, абы и гъунэгъу жылагъуэхэр зэрыдагъэIэпхъукIынур. ЩIыналъэм и правительствэм зэрыщыжаIэмкIэ, псы щхьэщыгъэжыр нэхъыбэ щIын хуейщ дамбэр зэгуитхъыу цIыху мин 40-м щIигъу щыпсэу жылэхэр имыхьыпэн щхьэкIэ.

КъегъэлакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, хъумапIэм къилъадэ псыр зэрыщытын хуейм нэхърэ худихкIэ нэхъыбэщ.

«Къалмыкъ, Осетие Ищхъэрэ-Алание, Шэшэн республикэхэм, Ростов областым, Ставрополь, Краснодар крайхэм я къегъэлакIуэхэр зыхэт гупхэр а щIыналъэм щызэхуэсащ, - щыжаIащ Ставрополь крайм и МЧС-м и пресс-IуэхущIапIэм. - Псыдзэм кърикIуахэр зэпIэззэрыт щIыжыным къыхэтшащ къызэрымыкIуэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэ мини 3-м щIигъу, техникэу 600-м щIигъу».

Жылагъуэхэр къыщыдагъэIэпхъукIым гулъытэ хэха хуащIащ лIыжь-фызыжьхэм, езыр-езыру земыкIуэф ныкъуэдыкъуэхэмрэ сабийхэмрэ. ЦIыхухэр пIалъэкIэ щыпсэунухэр ерыскъы пщтыркIэ, хущхъуэхэмкIэ, Iэмалыншэу зыхуэныкъуэнухэмкIэ къызэгъэпэщащ. КъищынэмыщIауэ, пунктхэм щIэсхэм ядолажьэ МЧС-м и психологхэр.



**ДРОБОТОВ Алексей.**
*«Комсомольская правда»*

*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар* **ЖЫЛАСЭ Замирщ.**

# Лъэпкъ пшыналъэхэмрэ макъамэмрэ я хъумакIуэ

● ДифI догъэлъапIэ

***КъБР-м и цIыхубэ артист, лъэпкъ щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэм я хъумакIуэ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым илъэс зыбжанэкIэ и пшынауэу щыта Сэхъу Хьэсэн и ныбжьыр накъыгъэм и 30-м илъэс 65-рэ ирикъуащ. Зи пшынэбзэр нэгъуэщIхэм къахэщ пшынауэ цIэрыIуэр и юбилейм и пэ къиихуэу «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм къедгъэблэгъащ.***



**- Хьэсэн, республикэм и пшынауэ нэхъ Iэзэхэм уащыщщ. Уи лэжьыгъэм дауэ упэрыхьа хъуа?**

- 1968 гъэм «Кабардинка» ансамблым и пшынауэр зэпеуэкIэ къыхахырт. Си насып текIуэри, зэхьэзэхуэм хэтахэм сефIэкIыу къалъытащ. ЗэрытщIэщи, илъэс 20-кIэ къафэхэр пенсэм макIуэ. А унафэм тету, сызыхыхьа япэ гупым илъэсиблщ сазэрыдэлэжьар. Абыхэм къакIэлъыкIуа гупитIми сахэтащ. Псори зэхэту ансамбль цIэрыIуэм илъэс 45-кIэ сыдэлэжьащ. Илъэситху и пэкIэ, илъэс 60 сыщрикъум, сытIысыжащ.

**- Урысейм и мызакъуэу, хамэ къэрал куэдым гупым зыкъыщывгъэлъэгъуащ. Нэхъ гукъинэж пщыхъуахэм укъытхутепсэлъыхьамэ ди гуапэт.**

- Республикэм и къалэхэр, къуажэхэр, Урысей псор, хамэ къэрал куэд къызэхэткIухьащ. Дэнэ щIыпIэ дыкIуами, бысымхэм пщIэшхуэрэ нэмысрэ ядэтлъэгъуащ, Iыхьэлейуэ дагъэлъэпIащ.

Нэхъ пасэм щыгъуэ, щIымахуэм я нэхъ шылэм дрихьэлIэми, мафIэгум я нэхъыкIэм дисми, дымытхьэусыхэу къытхуащI унафэр дгъэзащIэу Совет Союз псор къызэхэткIухьащ. Концертым щыдгъэзащIэ къафэхэр къытедгъэзэжурэ тIэу-щэ дгъэлъэгъуэну къызэрыщIэлъэIум, цIыхухэм Iэгуауэ мыухыжхэр зэрытхуаIэтым, ягу дызэрыдыхьэм ди гугъуехьхэр тщагъэпсынщIэрт.

Ансамблым и къэфакIуэхэр Iэзэ защIэт. Зы мазэм къриубыдэу концерт 15 ттыну ди къалэнми, 30-м нэблагъэ къыдэхъулIэрт. Махуэм къриубыдэу концертитI-щы ттырт. Дгъэлъагъуэ къафэхэм я макъамэр ди лъэпкъ макъамэу зэрыщытыр нэгъуэщIхэм наIуэ ящыхъурт икIи ягу дыхьэрт. Нэхъапэхэм лъэпкъ къэс и макъамэмкIэ къыпхуэцIыхурт, ар зейм и мыхъур пэлъытэти. Пшыналъэм лъэпкъым и гуфIэгъуи и гукъеуи къеIуэтэф. Иджы лъэпкъ къафэхэм, макъамэхэм, фащэхэм я фестиваль, зэпеуэ щыщыIэкIэ апхуэдизкIэ псори зэхэшыпсыхьыжащи, утыку ит гупыр зыщыщ лъэпкъыр, абы игъэзащIэ макъамэр, къафэр, щыгъ фащэр къыхэпцIыхукIыну гугъу хъуащ.

**- Уи нэ къызыхуикIыу фыздэщымыIа щыпIэ щыIэ?**

- АпхуэдизкIэ щIыналъэ куэдым дыщыIащи, дуней псом ди лъэр зытемыувэу къэнэжар мащIэщ. Си нэ къызыхуикIыу дыздэщымыIар Мысырым и закъуэщ. Жагъуэ зэрысщыхъущи, абы дыкIуэну ди программэм зэи къыхэхуакъым. Ауэ, дауэ хъуми, дахагъэкIэ гъэнщIа, тхыдэ, щэнхабзэ къулей зиIэ Мысыр щIыналъэм зыщысплъыхьыну, дунейм и телъыджиблым ящыщу къалъытэ пирамидэхэм сурэткIэ е телевизоркIэ мыхъуу, си нэкIэ зэзгъэлъагъун папщIэ, си лъэр зэ мыхъуми зэ абы нэсхусыну иджыри си хъуэпсапIэщ.

**- Тхьэм къуигъэхъулIэ, Хьэсэн. Уи репертуарым цIыхубэ, лъэпкъ къафэхэр, гум дыхьэ макъамэ щIэщыгъуэхэр къызэщIеубыдэ. Пшынэ еуэкIэм зыщыхуэбгъэсар сфIэгъэщIэгъуэнщ.**

- ЗгъэзащIэ къафэхэм цIыхубэ, лъэпкъ къафэхэри, сэ стхыжахэри яхэтщ. КъищынэмыщIауэ, «Кабардинка» ансамблым иджыри си къафэхэр ягъэзащIэ. Пшынауэ цIэрыIуэхэу, макъамэтххэу Къэжэр Индрис, Къашыргъэ КIурацэ, TIэш Лэкушкэ жыпIэми куэдым сыхуагъэсащ. Курыт еджапIэхэм пшынэ еуэным щыхуэзгъэхьэзырыну хуитыныгъэ сиIэ щхьэкIэ, сэ уэрэджыIакIуэхэр мыхъуу, къэфакIуэхэрт нэхъыбэу сызыдэлэжьэну си хъуэпсапIэр. КъэфакIуэхэм сахэмытмэ, си лэжьыгъэр сигу дыхьэртэкъым.

**- Лъэпкъ къафэхэмкIэ щапхъэу къалъыта, Къурашэ Эдуард зи унафэщI «Вагъуэ цIыкIухэр» сабий ансамблыр къызэрызэрагъэпэщрэ куэд мыщIами, зэфIэкI зэраIэр зыгъэнэIуэну хунэса гупщ. Абы иджыпсту уазэрыдэлажьэм и гугъу уэзгъэщIынут.**

- «Вагъуэ цIыкIухэр» ансамблым хэт ныбжьыщIэхэр зы къупхъэм къигъэжыкIам хуэдэу къафэм зэфIэкI щызиIэхэщ. Макъамэм езым и хабзэ, щIэдзапIэ, кIэух гуэр иIэщи ахэр пкъутэ хъуркъым. НыбжьыщIэхэр къафэм и хабзэхэм хъарзынэу тетщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, курыт еджапIэр къыщаухкIэ гупыр лъэлъэжынущ. Къурашэ Эдуард сыхуохъуапсэ абы къыщIэувэну цIыкIухэр иджырейхэм хуэдэу гукIи псэкIи къафэм хуэнэхъуеиншэ хъуну. Къуажэдэс сабийхэр темыхьэулеикIыу, зэманыр пщIэншэу ямыгъакIуэу лъэпкъ къафэхэм зэрызыхуагъасэр уасэншэщ. АдэкIи ефIэкIуэну си гуапэщ. Ар Нартэн къуажэ, Шэджэм район администрацэхэр зыщыгуфIыкIын, зэрыгушхуэн Iуэхугъуэ дахэщ.

**- Хьэсэн, уи илъэс 65-м къриубыдэу куэд зэбгъэхъулIащ. Абы щыщу илъэс 50-м нэблэгъауэ лъэпкъ щэнхабзэм ухуолажьэ. УзэплъэкIыжрэ къэпкIуа гъащIэ гъуэгуанэм уриплъэжмэ, уи щхьэ ухуэарэзыж?**

- Быдэу сызыхуэарэзыжщ. «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамбль цIэрыIуэм и гъусэу дуней псор зэзгъэлъэгъуащ. Гугъу дехьами, сызыдэлэжьа гупхэм ди зэхуаку зэгурыIуэ, пщIэ, нэмыс дэлъу дыкъызэрызэдекIуэкIам срогушхуэ. Лъэпкъ къафэр, пшынэбзэм и IэфIагъыр мыкIуэдыжыну, адэкIи заужьыну, хуэфащэ гулъытэрэ пщIэрэ хуащIыну си хъуэпсапIэщ.

Нэхъыщхьэращи, лэжьыгъэм къыдэкIуэу унагъуэкIи сынасыпыфIэщ. Си хъыджэбзищри унагъуэ хъарзынэ хъужахэщ. Пхъурылъху щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ дадэ-нанэр дытрагъэу, дагъэгушхуэ, дагъэгуфIэ.

**- Узыншагъэ ущымыщIэу, уи щIэблэм я гуфIэгъуэ куэд плъагъуу, лъэпкъ макъамэр уи пшынэбзэ дахэмкIэ бгъэбзэрабзэу дуней дахэм утезэшэну ди гуапэщ, Хьэсэн!**

*Епсэлъар* **ТЕКIУЖЬ Заретэщ.**

● Фестивалхэр

# ЩауэцIыкIу Людмилэ и студентхэр пашэщ

**Москва ХудожествэхэмкIэ Урысей академием и художественнэ лицейм и музейм щекIуэкIащ художественнэ творчествэмкIэ «Гъуазджэхэм я ассамблее»» Урысей кубокым и XX сабий-щIалэгъуалэ фестивалыр. Урысейм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм икIа цIыху 500-м щIигъу зыхэта фестивалым къыщыхэжанык Iащ Гъуазджэхэм кIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и литературэ къудамэм и студентхэр.**

ФЕСТИВАЛЫР унэтIыныгъэ зыбжанэу зэщхьэщыхат: живопись, графикэ, къафэ, декоративно-прикладной гъуазджэ, художественнэ сурэт, литературэ. Художественнэ творчествэмкIэ «Гъуазджэхэм я ассамблее» кубокым и фестивалым къызэщIиубыдэрт гъэлъэгъуэныгъэ, зэпеуэ, концерт, егъэджэныгъэ программэхэр. Ар къызэзыгъэпэщахэм я мурад нэхъыщхьэр Урысейм и щIыналъэхэм щыщу зэфIэкI зиIэ щIалэгъуалэм я творческэ лэжьыгъэхэр хэIущIыIу ящIынырщ, абыхэм я проект щхьэпэхэр пхагъэкIынымкIэ ядэIэпыкъунырщ, ахэр трагъэгушхуэнырщ, щIэблэм я Хэкур фIыуэ ялъагъуу къагъэхъунырщ, къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэухэм яку дэлъ щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэм нэхъри зрагъэубгъунырщ, ар ягъэбыдэнырщ, лъэпкъхэм я хабзэ, щэнхабзэ щIэинхэм зрагъэужьынырщ, абыхэмкIэ щIалэгъуалэр зрагъэхъуэжэнырщ.

- Урысейм зэфIэкI зиIэ и щIалэгъуалэм ядэIэпыкъунымкIэ, ахэр Iуэхум тегъэгушхуэнымкIэ мы фестивалым и мыхьэнэр къэIуэтэгъуейщ, - къыхигъэщащ Къэрал Думэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI, кинорежиссёр цIэрыIуэ **Говорухин Сергей**.

Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ и министр **Мединский Владимир** жиIащ къэралым ис лъэпкъхэм яку дэлъ щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэм зегъэубгъунымкIэ фестивалыр зэрыуасэншэр.

Художественнэ литературэмкIэ зэпеуэм цIыху 200-м нэблагъэ хэтащ. Абыхэм ящыщ куэд тхылъеджэхэмрэ критикхэмрэ фIыуэ къацIыхуну хунэсащ.



КъэпщытакIуэ гупым хэтащ усакIуэхэу, ЦIыхубэ гъуазджэхэмкIэ Урысей академием хэтхэу **Жмачинская Еленэрэ Катковский Борисрэ**, усакIуэ, УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэу **Шильцин Вадимрэ Берсенов Сергейрэ**, тхылъ тедзапIэм и унафэщI **Жуков Евгений**, сабий тхакIуэ, УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Осиповэ Наталье**, УФ-м и ТхакIуэхэм, ТхакIуэхэмрэ зэдзэкIакIуэхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм хэт **Ауров Евгений** сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм зэдэарэзыуэ япэ увыпIэр къыхуагъэфэщащ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и 4-нэ курсым щIэс, ЩауэцIыкIу Людмилэ и гъэсэн **Таз Аэзмэт**, и Iэдакъэ къыщIэкIа «Киллер» рассказым. КъищынэмыщIауэ, абы етIуанэ увыпIэри къылъагъэсащ «Гъуазджэм и псалъэ» и эссем.

Апхуэдэу, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и 2-нэ курсым щIэс, ЩауэцIыкIу Людмилэ и гъэсэн **Асадулаевэ Каринэ** и «Лифт», «Сезонная любовь», «Жизнь в формате циферблата» рассказ кIэщIхэм япэ, етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр кърatащ.

Фестивалым и продюсер, «Художникхэмрэ иджырей гъуазджэм и IэпщIэлъапщIэхэмрэ я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI, Дунейпсо гъуазджэхэм я фондым и Урысей къудамэм и президент **Фильков Фёдор** пашэ хъуа студентхэм я егъэджакIуэ ЩауэцIыкIу Людмилэрэ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и унафэщIхэмрэ къехъуэхъуащ, я гъэсэнхэр зэпеуэм къызэрыщыхэжанык Iам папщIэ. Абы жиIащ студентхэм я цIэр дяпэкIи зэрыIунур, Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысеймрэ я прозаикхэм я деж, зэман дэкIмэ, увыпIэфI зэрыщаубыдынур.

Фестивалым щытекIуа студентхэр Москва щыщагъэлъапIэкIэ, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и студентхэри ирагъэблэгъэнущ. Абыхэм щIыхь тхылъхэр, кубокхэр, медалхэр кърatынущ. Зэпеуэм увыпIэ къыщызыхьа тхыгъэхэр республикэм и литературэ-художественнэ журналхэм я къыдэкIыгъуэхэм къытрадзэнущ.

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.**
*Сурэтыр* **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

● ГТО

# Къэпщытэныгъэхэм зыхуэвгъэхьэзыр

**Налшык къалэ администрацэм Физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэ Iуэхухэмк Iэ и управленэмрэ «Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжыныгъэмрэ сыхуэхьэзырщ» (ГТО) урысейпсо физкультурэ-спорт комплексым и муниципальнэ къэпщытакIуэ центрымрэ зэгъусэу мэкъуауэгъуэм и 3-4-хэм Налшык дэт «Спартак» стадионым нормативхэр щыIахынущ. Ар ГТО комплексыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпхыгъэкIыным теухуа планым и зы Iыхьэщ. Къэпщытэныгъэхэм хэтыну хуитщ зи ныбжьыр илъэс 18-м щIигъуахэр.**

НОРМАТИВХЭР ятыным ипэ къихуэу ГТО-м и сайтым (gto.ru) зыщатхыу номер щхьэхуэ къыIахын хуейщ. Къэпщытэныгъэм къекIуалIэхэм паспортрэ и узыншагъэм и щытыкIэр къыщыгъэлъэгъуа медицинэ справкэрэ яIыгъыпхъэщ.

«Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжыныгъэмрэ сыхуэхьэзырщ» комплексым и нормативхэм щыгъуазэ зыщыпщI хъунущ gto.ru сайтым.

Къэпщытэныгъэм хэтыну мурад зиIэхэр мэкъуауэгъуэм и 3-м сыхьэтибгъум ятхын щIадзэнущ, норматив тыныр сыхьэтипщIым щIидзэнущ.

Налшыкдэсхэри къалащхьэм и хьэщIэхэри фыкъыдогъэблагъэ «Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжыныгъэмрэ сыхуэхьэзырщ» урысейпсо физкультурэ-спорт комплексым и нормативхэр тыным.

УпщIэ зиIэхэм зыхуагъазэ хъунущ Налшык къалэм Физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и управленэм. Телефонхэр: 42-55-55, 44-08-81.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

● ТхылъыщIэ

# «Адыгэ цIыхубз тхакIуэхэр»

**А фIэщыгъэм щIэту иджыблагъэ Абазэ Албэчрэ Ахъмэт Джульеттэрэ биобиблиографическэ псалъалъэ къыдагъэкIащ.**

ИЛЪЭС зыбжанэ хъуауэ электрон жыпхъэм иту зэрахьэ тхылъым «Дэфтэр хъумапIэхэмрэ жылагъуэмрэ» журналым и зы къыдэкIыгъуэр хухахащ. Урысейм и тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт адыгэ бзылъхугъэхэм я гъащIэм теухуа Iыхьэхэр, абыхэм я Iэдакъэ къыщIэкIахэр зыхуэдэр бзиплIкIэ (къэбэрдей, кIэмыргуей диалект, урысыбзэ, тыркубзэ) итщ тхылъым.

Ар хуабжьу къахуэщхьэпэнущ адыгэбзэм хуеджэ студентхэм, бзэм, литературэм теухуауэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэ езыгъэкIуэкIхэм, адыгэ цIыхубз тхакIуэхэр зэзыгъэцIыхуну жэрдэм зыщI дэтхэнэми.

«Адыгэ цIыхубз тхакIуэхэр» тхылъыр къыщывгъуэтынущ Налшык къалэм и Головко уэрамым тет «Центр Книга» тхылъ щапIэм.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**



● Дэ къытхуатх

# Къуажэм хуэлажьэ ДзыхьмыщI Анзор

**ЦIыху псори къыщалъхуа жылэм къуэпс быдэкIэ епхащ. Дэнэ щIыпIэ ущыIами, абы ущекIуэлIэжкIэ гупсэхугъуэ бгъуэтыжу апхуэдэщ. Уи гур хохъуэ уи къуажэжьым и цIэр фIыкIэ щыIукIэ, ар зэрефIакIуэр, зэрызиужьыр щыплъагъукIэ.**

НОБЭ апхуэдэ гухэхъуэгъуэ къызет сыкъыщыхъуа Хьэтуей къуажэм и псэукIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зэрызихъуэжым. Псом япэу апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэр зыдэслъагъур къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ ДзыхьмыщI Анзорщ. А IэнатIэм зэрыпэрыхьэрэ дэкIа мазэ бжыгъэм кърибыдэу зэфIигъэкIахэр къэплъытэмэ, гурыIуэгъуэ пщохъу ар къызыдэкIа жылэр фIыуэ зылъагъу, абы щыпсэухэм пщIэшхуэ яхуэзыщI цIыхуу зэрыщытыр.



Ди унагъуэр илъэс зыбжанэ хъуауэ дыщопсэу Налшык къалэм, ауэ ди псэм хэлъщ дыкъыщалъхуа жылэр. ЗэрытхузэфIэкIкIэ щIэх-щIэхыурэ докIуэж къуажэм, гъэмахуэ мазэхэр щыдогъакIуэ. Ди кIуэжыгъуэ къэси гу лъыдотэ абы щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм.

ГуфIэгъуэмрэ гузэвгъуэмрэ и деж къуажэм цIыху куэд къыдохьэ. Апхуэдэм деж псом япэу гу зылъыптэр къуажэм и къэбзагъырщ. А Iуэхум псынщIэу иужь ихьэри, уэрамхэр ягъэкъэбзащ, жыгхэр яухъуэнщIащ, къемызэгъ щIыпIэхэм щащIа пхъэнкIий идзыпIэхэр ягъэсеижащ.

Сэ сызэреплъымкIэ, къуажэм и «напэр» зыхуэдэр къэзыгъэлъагъуэр кхъэрщ. Ар зыхуей хуэгъэзэнымкIэ ДзыхьмыщIым псапэ зыпылъ Iуэхушхуэ зэфIигъэкIащ. Жылэм дэс щIалэгъуалэр зыщIигъэуIуэри, ари ягъэкъэбзащ. Иджы сыт и лъэныкъуэкIи къабзагъэм и хабзэхэр къызэрызэпамыудыным ткIийуэ кIэлъоплъ. ЖыпIэнурамэ, къуажэм и теплъэр нэхъ екIуи, дахи хъуащ.

Жылэдэсхэр псом хуэмыдэу гугъу езыгъэхьыр псыр тэмэму зэрамыгъуэтырти, иджы яIуэтэжа хуэдэщ. Абы и лъэныкъуэкIи Iуэхур зэтеубла зэрыхъуам хуэдэу екIуэкIмэ, къуажэдэсхэр зыIууэ гугъуехь нэхъыщхьэр зэфIэхауэ къэплъытэ хъунущ. А зым фIэкIа ДзыхьмыщI Анзор зэфIимыгъэкIатэми, и цIэр фIыкIэ жыпIэну къилэжьат.

Зи гугъу сщIахэр Анзор и лэжьыгъэм и щIэдзапIэу аращ. А псом къегъэлъагъуэ гукъыдэж иIэу щалъхуа жылэжьым и зыузэщIыныгъэм хуэлэжьэну ар IэнатIэм зэрыпэрыувар. Сэ шэч къытесхьэркъым, а щIалэ жыджэрым и лэжьыгъэкIэ мурад дахэхэр зэриIэм, зыхуигъэувыж сыт хуэдэ къалэнри ерыщу зэрызыфIихынум.

ДзыхьмыщI Анзор къызыхэкIа лъэпкъым, къэзылъхуа и адэ-анэм яхуэфащэщи, Тхьэм адэкIи иригъэфIакIуэ. И зэфIэкIым хэхъуэу, узыншагъэ быдэ иIэу, и пщIэр лъагэу, и адэ Барэсбий и псэр игъэгуфIэу, и анэ Зенэ и жьауэм щIэту, и унагъуэ жьэгум гуфIэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ дэлъу псэуну сыхуохъуахъуэ.

**ТЭРЧОКЪУЭ - СРЫКЪУЭ Лидэ.**

● Спорт

# Ди щIалэхэр япэ йощ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и картингистхэм зэфIэкI лъагэ щагъэлъэгъуащ «Форт Грозный» картодромым щекIуэкIа чемпионат зэIухахэм.**

КЪЭРЭШЕЙ-Шэрджэс, Дагъыстэн, Шэшэн республикэхэм я спортсмен ныбжьыщIэхэр Iуэхугъуэ зыбжанэкIэ зэхьэзэхуащ.

«Кадет» лIэужьыгъуэмкIэ ди щIалэ цIыкIухэм къагъэлъэгъуэфам псори хьэщыкъ ищIащ. Къапщтэмэ, Нарткъалэ дэт «Iуащхьэмахуэ» спорт клубым и гъэсэнхэм къапэхъун иджыпсту Кавказ Ищхъэрэм иткъым. Зэпеуэм и увыпIэ нэхъыщхьищри ди картингистхэм къахьащ. Япэу къэсащ ЗэшэкIуу Джэмал, етIуанэщ - Алборэ Алихъан, ещанэщ - Сэхъу Алихъан.

«Мини» классым етIуанэ увыпIэр щаубыдащ Гугъуэтыж Альбертрэ Алъкъэщ Дамиррэ.

«Супер-мини» классым етIуанэ увыпIэр къыщихьащ Чэрты Артур.

ТекIуахэм щIыхь тхылъхэр, кубокхэр медалхэр кърaтащ.

«Iуащхьэмахуэ» клубым и гъэсэнхэм адэкIэ зыхуагъэхьэзырынущ Совет Союзым и ЛIыхъужь Яхэгуауэ Михаил и фэеплъу ди республикэм щекIуэкIыну чемпионат зэIухам.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# НыбжьыщIэхэм я зэфIэкI

● Пятиборье

**Иджырей пятиборьемкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэхьэзэхуэ зэIуха мы махуэхэм Налшык щекIуэкIащ. «Динамо» физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэм къызэригъэпэща зэпеуэм хэтащ я ныбжьым елъытауэ гупиплIу гуэша ныбжьыщIэхэр. Зэхьэзэхуэхэр егъэкIуэкIыныр даIыгъащ икIи саугъэт щхьэхуэхэр текIуахэм хуагъэхьэзыращ «ЩIэпхъаджагъэ зэщIэгъэуIуам ебэнынымкIэ IэнатIэм и ветеранхэм я лигэ» Кавказ Ищхъэрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм.**

ТЕКIУЭНЫГЪЭМ щIэбэнащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ставрополь краймрэ щыщ спортсмени 140-м щIигъу. Ди республикэм и щIыхьыр яхъумащ налшыкдэсхэмрэ Май щIыналъэм къикIахэмрэ. Гуп нэхъыщIищыр, 2003 - 2008 гъэхэм къалъхуа щIалэ, хъыджэбз цIыкIухэр, двоеборьемкIэ зэпеуащ. Абы хыхьэт псы есынымрэ къызэдэжэнымрэ. Нэхъыжьхэри псым есащ икIи 2400-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэм биатлонымкIэ щызэхьэзэхуащ.

«НыбжьыщIэхэм я къару емыблэжу зэпеуэхэм хэтащ. Нэхъыбэм я иужьрей къарухэр зэхалъхьэжурэ гъуэгуанэхэр къызэпачырт, я нэпсхэр къекIуауэ. Апхуэдэущ мурадхэр зэрызэрагъэхъулIэ хьэлыр зэрызэхалъхьэр», - жиIащ иджырей пятиборьемкIэ КъБР-м и командэ къыхэхам и тренер нэхъыжь Гобеев Аэзмэт.



Ди спортсменхэм я дежкIэ мы зэхьэзэхуэр урысейпсо зэпеуэм кIуэнухэр къыщыхаххэм ящыщ зыуэ щытащ. Абы къыхэкIыу ныбжьыщIэхэр ерыщу хущIэкъуащ гуп нэхъыфIищым яхэхуэным.

«Сытым дежи тфIэфIу Налшык дыкъокIуэ. Зэхьэзэхуэхэр мыбы фIы дыдэу къыщызэгъэпэща щохъу. ЩIыпIэ спортсменхэри лъэрызехьэщи, хьэрхуэрэгъу хъарзынэ къытхуохъу», - жиIащ иджырей пятиборьемкIэ Ставрополь крайм и командэ къыхэхам и тренер нэхъыжь Клочков Александр.

Я ныбжь елъытауэ ягуэша гупхэм пашэныгъэр щаубыдащ Май къалэм щыщ Щад Алим, налшыкдэсхэу Куэт Дарье, Iэпщэ Темболэт, ГъукIакъуэ Каринэ, Чепрасов Анатолий, Къэзакъ Дианэ, Мырзэ Идар сымэ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжанык Iахэмрэ кубокхэр, медалхэр, грамотэхэр, саугъэт щхьэхуэхэр иратащ. Ди спортсменхэм иджыри зы лъэбакъуэ хуачащ мыгувэу Киров къалэм щекIуэкIыну урысейпсо зэпеуэм.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэр Кулиевым и цIэр зезыхьэ Балъкъэр драмэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ **Атмурзаев Магомед Мажит и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш **Атмурзаев Сафар Мажит и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

**Къыдэзыгъэк Iхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр**
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 5

**ТЕЛЕФОНХЭР:** редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
**КЪУДАМЭХЭМ:** политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Багъэтыр Луизэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытIыкI Аэзмэт** *(1, 2,-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.721 ● Заказ №670